

# KESYON AK REPONS

## EBRE PREMYE PATI



Kijan manzè te ka fè l san Bondye? Sa t ap tout on bagay, pa vre? Sa pa t ap ka fèt san Seyè a.

Mwen pa pral preche pami yo tout. Men mwen te panse m ta ka met men sou yon bagay ki gen pwa, ou konnen, konsa pito m prepare m. Men, oo, sa te pay, anpil anpil. Kidonk petèt pa gen anpil kesyon pami moun yo la a, se jis dè kesyon trè senp e fasil. Ebyen, mwen kontan pou m ap eseye reponn yo lemye ke m kapab, avèk èd Seyè a.

<sup>2</sup> E si Sè Arganbright la aswè a . . . Sè Ruth. Èske w isit la a, Sè Ruth? Bò isit la. Mwen gen . . . O, wi, mwen gen adrès la la a, e . . . Non, m pa genyen l. Ebyen, mwen ka jwenn li drèt deyò a la. M te genyen l nan pòtfèy mwen, e m te kite pòtfèy mwen lakay. Kounye a, si lapolis kenbe m sou wout pral lakay mwen, Frè Fleeman, vin pote m sekou. Di Billy mwen . . . m kite pòtfèy mwen lakay, m ap kondui san lisans aswè a. E m panse m te genyen l nan pòch mwen; Mwen jis te chanje rad. M te kouri antre, apremidi sa a, m t ap koupe zèb byen vit epi m te oblije kite sa pou depeche m antre, chanje rad mwen epi kouri desann isi a. E mwen—mwen te pote leksik la, men ou ka jwenn li touswit apre deyò a la.

<sup>3</sup> Pa santi w mal pou lèt *sa*. Si m pata janm resevwa youn ki pi mal pase sa, sa t ap yon bèl lèt. Sa te byen. Sa te byen, anpil anpil. Mwen te di w ke m pa t ap li l, men se te pi fò ke mwen, ou konnen, epi jis m pa t ka kenbe l ankò. M jis ap mande m kisa w te di. E se te byen, anpil anpil, sa te ekri tankou yon veritab pwofesè lekòl ta dwe ekri. Sa te byen, e mwen apresye sa. E sa—sa ba w . . .

<sup>4</sup> Ou wè, mwen renmen lèt yon moun ki ta—ki ta ti kras andezakò avè w. Ou wè, si w ap kontinye tout tan, ankenn moun pa andezakò avè w, ou vin perime. Ou dwe jwenn yon ti dezakò konsa w ka konprann epi ale an pwofondè. Epi—epi ou jis antre nan yon siyon wout si w pa fè atansyon; alò ou—alò ou va gen pwoblèm lè w fè sa. Ou dwe jis on jan kontinye ap vanse epi jwenn yon moun ki andezakò avè w epi sekwe plim ou yo yon fwa detanzantan.

<sup>5</sup> Laba nan peyi Lafrik, mwen te jwenn de ti lyon, e yo te de vyek ti bagay, apeprè *konsa*. Ti lyon, piti, ki gen tach sou yo; yon ti lyon mal, yon ti lyon femèl. Epi bon, yo te sanble ak ti bebe chat, yo te sitelman piti tankou sa, tou piti . . . ti gabay ki te pi bèl, yo te jis ap jwe. E m ta pral retounen an Amerik ak yo, mwen te mete yo nan yon kaj zwazo. Mwen ta pral retoune ak yo, men mwen pa

t ka jwenn anyen—anyen pou vaksinen yo, ankenn vaksen. E yo pa t ap kite m mennen yo Ozetazini san yo pa t vaksinen anvan, e m pa t ka jwenn sa nan tout Afrik la. Men si w te vle konnen si l te yon lyon ou pa, jis jennen l yon ti kras. Li ta kare sou ou epi fè w konnen li te yon lyon, konsa—konsa on fason pou l fè w konnen a kiyès ou annafè.

6 Se fason sa a ou dwe fè detanzantan, ou konnen, on jan ap karese plim yo nan sans kontrè, pou konn sa. Men, la a, nou pa fache tankou lyon an; nou jis—nou jis renmen sa, pou . . . moun ap poze kesyon. E kesyon tankou sa, Sè Ruth, se trè, trè byen pou mwen. Se yon . . . Mwen—mwen renmen sa, ou wè. Se sa yo ki vrèman ou jan mechan ke m rayi jwenn. Men sa yo se yon . . . se te kòrèk.

7 Kounye a nou gen kèk bon, k ap reveye w, se jis kesyon lakay. Gen yon predikatè dèyè a nan sal ki nan fon an jis kounye a, ki te mande m, li te di, “De pwofèt Apokalips 11 yo, èske y ap vini anvan Anlèyman an? Osinon jis anvan Izrayèl anlve? E kisa . . .” Bon, sa se jan de kesyon sa yo ki—ki—ki mare pye w. Men kesyon senp sa yo tankou sa a se kòrèk.

Men kounye a, anvan nou kòmanse, annou koube tèt nou pou priye.

8 Papa, yo te note ke lè W te gen douzan, yo te jwenn Ou nan Tanp lan ak eskrib ak save yo, ap diskite Lèzekriti avèk yo. E yo te—yo te etone pou yon . . . moun nan tan lontan, e ki te byen fòme nan Lèzekriti, e poutan pou wè yon ti Gason apeprè douzan ki te ka jis—jis ap konfonn yo, nan eksplikasyon Ekriti yo. Ou t ap okipe W de zafè Papa W. Ou te di manman W, “Èske w pa konnen ke mwen dwe okipe M de zafè Papa M?” pou ap eksplike Lèzekriti avèk siyifikasyon espiritiyèl yo.

9 E kounye a nou priye, Seyè, pou—pou W konn kijan nou fèb epi frajil, e kijan nou ka fè erè, pou W va jis vin pami nou aswè a sou fòm Sentespri a, epi ap eksplike Ekriti yo pou nou. M ap tann epi konte sou Ou. E si, nenpòt kilè a, m ta janm eseye mete pwòp panse m oswa entèpretasyon m oswa kèk bagay egoyis, pou ap eseye fè l sonnen tankou fason m t ap eksplike a se te kòrèk, fèmen bouch mwen, Seyè, tankou Ou ta . . . Ou te fè pou lyon yo, lè yo te vin dèyè Danyèl. Ou se toujou menm Bondye a.

10 E ke sa fèt antyèman . . . Alò ke nou depann de Sentespri a, ke Li jis revele nou bagay sa yo. Epi lè sa pandan L ap di yo, fè yo sitèlman klè ke sila ki te poze kesyon an ap kapab resevwa L. E si Li reponn kontrè a sa m te toujou kwè, alò ke sa rejwi kè m tou, Seyè, pou konnen ke m te jwenn yon bagay nouvo, e yon bon estrateji Seyè a. Paske Ou di, “Fouye Lèzekriti, paske nan Yo nou kwè nou gen Lavi Etènèl, e se Yomenm ki rann temwayaj de Mwen.”

11 Kounye a, apre ansèyman Ekriti sa a, se sèten ke sa pral sisite anpil panse e latriye. E mwen priye, Bondye, kounye a ke

tout kesyon sa yo sanble te poze ak dousè e jantiyès, Pèmèt ke Sentespri a reponn yo avèk dousè e jantiyès. Paske nou mande l nan Non Jezi, e pou glwa Bondye, ak edifikasyon Legliz Li. Amèn.

<sup>12</sup> Gen anpil fwa ke motif egoyis pou nenpòt bagay la, jis detwi tout gou a nèt. E kounye a, yo te poze kesyon sa yo apre Ekriti sa a.

<sup>13</sup> Bon, si m ap fè son yon souf jis yon ti kras aswè a, mwen pèdi yon dan. E lè m mete l, m pa ka preche, mwen ralanti lè m ap preche; mwen retire l, e mwen prèske ap soufle.

<sup>14</sup> Madam Billy Graham te rakonte yon istwa sou li, ke moman li te janm wè l te pi eksite, se te, lè li te manke youn nan dan devan yo. Ebyen li te pèdi l, e l te gen yon pwogram televizyon touswit, e—e li pa t kab . . . Sa te sou yon dantye ak kèk dan dèyè yo ladann. E lè l t ap pale, sa t ap soufle “fyou, fyou” atravè dan l. Epi manzè di li te tonbe sou jenou l, ap priye epi ap swe, dis minit anvan emisyon televizyon an, e finalman yo te jwenn li kote l te tonbe soti nan pantalon l al nan pozisyon zòtèy nan soulye l. Youn nan anplwaye otèl la te jwenn li, fo dan sa a. Epi Madam Graham te rakonte sa sou li, epi bò isit la. E konsa mwen te jwenn sa sou yon ti bout papye, mwen kwè ke m genyen l jis la nan Bib mwen.

<sup>15</sup> E konsa se tankou . . . lè nou on ti jan vyeyi epi kraze, ou konnen, pou w oblije pèdi bagay sa yo, sa rann sa difisil. Kifè mwen . . . pandan m te deyò ak Frè Roberson dèyè a la, avèk yo, M t ap bwose l yon maten e m te kase yon moso soti ladann, e m te oblije pote l kay doktè, pou fè ranje l. Kidonk ke Seyè a ajoute benediksyon L yo.

<sup>16</sup> Bon nou pral, kounye a, m pral eseye pase atravè yo chak, si m kapab. Epi, Frè Tony, ak gras Bondye, m te jwenn entèpretasyon rèv ou a, e se te bèl bagay. Mwen sitèlman kontan wè sa. E se yon bon entèpretasyon, ke mwen kwè m pa ta dwe bay li an piblik isi a, kifè m ap ba ou l an prive si w—si w pa . . . si w vle l fason sa. Li te mande m sa lòt jou swa, li te fè yon rèv, e m jis pa t ka di l kisa sa te ye jiskaske m t al kot Seyè a epi m te priye sou sa. Alò Seyè a te revele sa a mwenmenm pou di m kisa entèpretasyon an te ye. Se bèl mèvèy, e se bòn nouvèl pou ou, Frè Tony.

<sup>17</sup> Bon, nan premye kesyon an. Kounye a, mwen jis pa konn ki kote pou m kòmanse an premye, paske yo tout bon. Men, kounye a, n ap eseye pa pran twòp tan, e petèt n ap ka fini yo dimanch, si nou pata rive pase atravè yo.

**51. Eksplike kisa sa vle di “chatiman etènèl,” nan Matye 25:46. “Men . . .” Sa se kesyon an.**

**52. Epitou, dezyèm kesyon an: “Men timoun wayòm yo va jete nan tenèb deyò a,” èske sa se apeprè menm jan ak chase yo sot nanpanse Bondye?**

18 Ebyen, kounye a, ann pran premye kesyon w lan, ke nou jwenn nan Sen Matye, venn- . . . chapit 25 lan. Kounye a nou pral . . . Bon, m pa t janm etidye sa yo, m te jis voye je ladan yo dèyè a la, e m te jis eseye ak tout fòs pou m gade yo lemye ke m—ke m te kapab. E m . . . Louvri Bib ou avè m, pandan n ap etidye L. Kounye a, mwen te vle jwenn sa nan leksik Grèk la tou, konsa ou ka jwenn—orijinal la. E mwen—mwen renmen sa. Konsa lè sa a n ap genyen L alafwa—alafwa nan—nan lang Grèk ak lòt la. E kounye a sa pral—pral on jan dousman, pou n ap etidye, paske m dwe rive jwenn epi met men sou Ekriti yo kèlkeswa kote m ka jwenn yo a, epi mete yo nan plas yo. Dakò.

19 Kounye a, eske gen moun ki vle yon Bib pou swiv? Si se wi, leve men w. E nou . . . Mwen kwè nou gen twa ou kat dèyè a la. Si w vle swiv avèk Ekriti yo, se kòrèk. Frè Cox, èske w vle vin la epi pote Bib sa yo ban mwen? E se—se byen pou ou, si w kapab, pou . . . (men youn, ou ka jis—jis desann avèk yo si w vle, ak kantite sa). E nenpòt moun ki vle youn, jis leve men w, jènòm lan ap pote l drèt ba ou, ou wè. E nou vle etidye bagay sa yo ansanm, epi jis . . .

20 Kounye a, nan lekti sa a ak dènye chapit yo . . . sèt premye chapit Liv Ebre yo. Apre ansèyman an, natirèlman, jènòm ki t ap pran nòt, sou sijè sa yo, Frè Mercier ak Frè Goad, genyen yo e yo sou pwen bibliye yo sou fòm yon liv. E yo te genyen l. Kounye a . . . e nou pa gen anyen lòt ke mwatye ki demele, se apèn si nou jis touche sijè a. E mwen panse ke yo te fini avèk yo . . . e yo te soti ti boul lò presye yo—yo nan . . . pou jis ap poli ti boul lò presye yo, jis kèk nan ti boul lò ansèyman Ebre yo. Frè Mercier ap genyen yo trè byento, enprime, pou nenpòt moun ki vle yo.

21 Kounye a sa a la a, li mennen . . . Ou pa ka pase atravè l jis . . . nan legliz evanjelik, e legliz sa a se yon legliz evanjelik. Ou pa ka fini ak yon—yon ansèyman san w pa soulve mefyans ak refleksyon anpil moun. Fòk ou jwenn sa. Kounye a, mwen trè lwen pretann mwen se yon anseyan, pa yon moun k ap fè kòmantè Bib ditou. Men mwen pa janm ap—ap eseye di anyen, oswa menm fè anyen, sinon dabò—dabò ap mande oswa jwenn sa ki pi bon ke m genyen pou sa.

22 Yon byeneme frè te mande m, yè swa, li te di, “Frè Branham, Frè Seward te di yon fwa ke yo—yo jis pa ka kwense w ankenn kote. Ou wè, ou toujou gen yon fason pou fofile kò w soti oswa elwage w de sa.”

23 Mwen te reponn, “Ebyen, rezon an, mwen toujou eseye reflechi anvan m fè kwakseswa. Ou wè? Epitou si moun yo mande m, alò mwen ka di yo sa panse m te ye. Ou wè?” Men se si w panse kòrèk. E anvan w fè nenpòt bagay la, eseye pran pozisyon ke Bondye ta vle w pran an, alò li t ap vrèman difisil pou yo kwense w.

24 Ou pa t kab imajine epòk kote—kote Akab t ap eseye kwense Eli a. Èske w ka imajine epòk kote Farizyen yo te eseye kwense Jezi a? Ou wè, Li te—Li te gen repons lan byen vit, paske tout sa L te fè, Li te fè l pa volonte Bondye, e Li . . . se fason sa Li—Li te ka fè l. Kounye a, se fason sa nou vle l parapo a sa.

Kounye a kesyon an te poze, n ap konsantre sou kesyon an:

**Eksplike kisa l vle di pa “chatiman etènèl,” nan Matye 25:46.**

25 Kounye a koute vrèman byen. Tout moun kounye a, Matye 25:46:

*E l ap voye yo resevwa chatiman k ap dire pou tout tan: . . .*

26 Kounye a, kesyon an se, “Kisa . . . Eksplike . . .” Kounye a mo pou tout tan vin de mo “toujou e pou toujou,” epi pou toujou a se “yon espas tan.” Li vle di sèlman “yon tan kèlkonk,” tankou pou toujou. Kounye a si w jis li . . . Mwen pa konn kimoun ki te ekri kesyon yo, paske pèsonn pa t mete non yo sou yo; sa pa t bezwen fèt, mwen pa t bezwen yo, ou wè.

*Men l ap voye yo resevwa chatiman pou tout tan an: . . . (Kounye a gade, sa se mechan an.)*

27 Kounye a, byeneme—byeneme ki te poze kesyon an, jis li rès La:

*. . . men jis la pral nan lavi etènèl.*

28 Mechan an pral nan chatiman pou tout tan (yon espas tan kèlkonk), men jis la gen Lavi Etènèl. Ou p ap janm jwenn chatiman Etènèl, se pa posib. Ou wè, si yo gen chatiman Etènèl, yo gen Lavi Etènèl; yo gen Lavi Etènèl, yo sove. Ou wè, sa pa ka fèt. Kounye a si w ap swiv, kesyon an—kesyon an te poze pou tèt li . . . reponn tèt li. Ou wè?

*E sila yo . . .*

Kounye a obsève, m ap prann pi wo la a:

*. . . e yomenm . . .*

29 Nan vèsè 20 an . . . vèsè 44 la:

*. . . e yo menm tou yo te reponn, yo te di L, Seyè, kilè nou te wè w grangou, osinon swaf dlo, epi yon etranje, epi toutouni, . . . epi nan prizon, e pat ba w asistans?*

*Alò pral—lè sa li va reponn yo, pou di, An verite Mwen di ou, Chak fwa ke n te fè l . . . pou youn nan pi piti sa yo, ou te fè l . . . pou mwen.*

*E l ap voye yo resevwa chatiman pou tout tan (pou tout tan) chatiman: (sa se mechan an). . . men jis la pral nan Lavi Etènèl.*

30 Ou wè diferans lan? Mechan an gen chatiman pou tout tan, men pou tout tan se “yon espas tan.” Kounye a, si se te menm bagay la, yo t ap ekri, “E sila yo va ale nan chatiman pou tout

tan an, lòt la va ale nan lavi pou tout tan an.” Ou wè? Oswa, “Yo va ale nan chatiman Etènèl, e lòt la va ale nan lavi Etènèl.” Ou wè, si gen yon chatiman Etènèl, pou ta ap pini pou tout tan e pou tout tan, alò gen yon Etènèl . . . li t ap gen Lavi Etènèl; e sèl Lavi Etènèl ki egziste, se sa ki vin de Bondye a. Tout bagay ki pa gen yon kòmansman pa gen fen, tout bagay ki gen yon kòmansman gen yon fen. Ou wè sa m vle di a?

<sup>31</sup> Bon, Ekriti a Limenm ke byeneme—byeneme a te reponn lan . . . Kounye a si w pran l nan leksik la, “*Epi sila yo va ale nan ainion, ap retranche, e pou lontan nan- . . . epi nan dife, nan letan dife a.*” Kounye a, mo *a-i-n-i-o-n* lan vle di “yon espas chatiman.” Nan leksik grèk la, dirèk la, “espas chatiman,” oubyen, “tan chatiman.” Ou wè, “Yo va ale nan yon tan chatiman.” Yo itilize mo a, *a-i-n-i-o-n*. *Ainion*, ki vle di “tan, yon tan, yon tan ki limite.” Apresa reprann li nan—nan tradiksyon an isi a, Anglè a, *pou tout tan* se “yon tan limite.” Ou wè, sa vin de lang Grèk la, “yon limit tan an.” Mo *ainion*, oswa *a-i-n-i-o-n*, *ainion* vle di “yon tan chatiman ki limite.”

<sup>32</sup> Men apre sa li lòt yo, “Men sa yo va ale nan Etènèl la.” Sa diferan. Ou wè, Lavi Etènèl. *Etènèl* vin de mo “Letènite,” e Letènite pa t gen ni kòmansman ni fen. Se pou tout tan e pou tout tan. Bon sa ta dwe reponn sa a, ou wè, paske si w jis li Ekriti a avèk atansyon, ou va wè.

<sup>33</sup> “*E sila yo va ale nan chatiman pou tout tan, men moun ki jis yo . . .*” Mechan an va ale nan chatiman pou tout tan, pou yo pini pandan yon espas de tan; petèt yon milya lane, mwen pa konnen, men w ap sètènman pini pou peche w yo. Men osi sèten ke peche te gen yon kòmansman, peche gen yon fen. Chatiman te gen yon kòmansman, e chatiman gen yon fen. E lanfè te kreye pou dyab la ak zanj li yo. Ou wè? Dakò. Kounye a, mwen gen yon lòt la a ki ap reponn a sa, jis nan kèk minit, ki se youn ki vrèman bon, ki lye avè l.

Bon, men pou sila yo ki la a: “**Men timoun wayòm yo va chase deyò nan tenèb,**” èske sa se apeprè menm jan ak chase yo nan panse Bondye?

<sup>34</sup> Non, se pa t ap menm bagay la. Kounye a, w ap pale la de Soupe Nòs la. Kounye a, “E timoun wayòm yo,” jan yo te mande l la. Timoun wayòm yo se Jwif yo, e yo te jete yo deyò nan tenèb. E yo—yo te jete yo nan tenèb deyò a, e yo te pase atravè peryòd ap kriye ap plenn ak grensman dan. Yo te jete yo deyò nan tenèb paske sa te bay oumenm avè m yon espas pou repanti, men yo pa t janm chase nan panse Bondye. Li p ap janm bliye Izrayèl. Epi Izrayèl, jan nenpòt lektè Bib la konnen, yo te refere a li kòm “timoun wayòm yo.” Ou wè, se wayòm lan, pwomès la. Nan lòt mo, Bondye k ap trete ak nasyon an, lè Li t ap trete ak Izrayèl, ki se timoun wayòm lan.

35 Kounye a, nou sonje, Li te di la, “E Abraham e Izarak ak Jakòb,” nan yon sèl plas, “ta pral vini epi tabli nan wayòm lan nan fen tan an.” Ou wè, e ke Abraham, Izarak ak Jakòb t ap nan wayòm lan; yo te fè l, yo te moun wayòm beni yo. Men timoun wayòm yo va chase deyò nan tenèb.

36 Kounye a, kote referans lan soti la se—se Epou a. Lè Epou a vini, pandan yo te . . . Senk nan vyèj yo te soti al rankontre Seyè a, e—e yo pa t gen lwil nan lanp yo. Epi lòt senk yo—yo te gen lwil nan lanp yo. Kounye a, si w remake, sa se yon bèl imaj, alafwa ak Jwif yo epi Moun lòt Nasyon yo, antan ke rejte. Kenbe nan tèt ou ke, gen twa kategori moun tout tan: Jwif, Moun lòt Nasyon (fòmalis yo), . . . ; Jwif, Moun lòt Nasyon, ak Legliz. Si w melanje sa yo, se sèten w ap tonbe nan pwoblèm lè w rive nan Apokalips. Paske si w pa fè sa . . .

37 Tankou Mesye Bohanon te di m yon fwa, li te di, “Billy, nenpòt moun ki ta eseye li Apokalips t ap fè kochma. Enben,” li te di, “men yon Epouz isi a sou tè a, epi—epi dragon an k ap lanse dlo sot nan bouch li pou fè lagè avè L.” Epi li di: “Alòske an menm tan Lepouz kanpe tankou sankarannkat mil yo” (doktrin Temwen Jewova a) “sou Montay Sinayi a. E an menm tan Lepouz nan Syèl la.” Non, non, ou fè erè.

38 Gen twa kategori moun. Ou wè, ki se, Jwif ki rejte a, epi men vyèj k ap dòmi an ke dlo yo . . . Se pa Semans fanm lan, se rès Semans fanm lan ke dragon an t ap lanse dlo soti nan bouch li a . . . Apokalips 11. Epi apres a, an reyalyte, sankarannkat mil Jwif yo pa t Epouz menm, yo se rès legliz Jwif la. E doktrin Temwen Jewova ki konsidere yo kòm Lepouz, M pa wè kijan nou ta ka fè sa, paske, se pa Lepouz.

39 Si w remake nan Apokalips la, Sa di, “E yo vyèj.” E yo se enik. E kisa yon enik te ye? Yo te . . . Enik se te gad tanp lan ki t ap pwoteje rèn lan, paske yo te . . . vin- . . . Yo te dèzòm ke yo te chatre. Yo te . . . Èske w remake, sa te di, “Yo pa t souye tèt yo ak fanm”? Yo te enik tanp lan. E se te yon kantite ki te chwazi ke Bondye te mete apa pami Jwif eli yo. Bon, si w remake . . . Si nou te ka jis pran sa jis pou yon moman, konsa sa t ap on jan regle sa nan lespri w, kote w ka reyèlman . . .

40 Annou pran Apokalips, chapit 7 la, e nou pral jwenn la kounye a, ki kote . . . kisa Sa te di. Se yon bèl bagay:

*E apre sa . . . Mwen te wè kat zanj ki te kanpe nan kat kwen tè a, . . . (kounye a, sa gen rapò ak Ezekeyèl 9, kote li te wè destriksyon Jwif yo. E la li wè destriksyon Moun lòt nasyon yo, Apokalips, chapit 7 la) . . . E mwen te wè kat zanj ki te kanpe nan kat kwen tè a, ki kenbe kat van yo (van vle di “lagè ak diskisyon”) . . . pou ke van an pa ta soufle sou tè a, ni sou lanmè a, . . . oswa okenn pyebwa. (e sa se lagè, “yo te kenbe”)*

41 O, si nou te gen tan pou n antre an detay nan kesyon sa a. Sa te bay . . . Se la a Russell te tonbe nan konfizyon. Russell te pwofetize, ke l te wè vini sa a. Li te pwofetize “se t ap Vini Seyè Jezi a,” san l pa t konnen ke se te—se te Legliz la ki t ap sele. Ou wè?

42 E yo t ap mande yo kijan gè mondyal la . . . Premye Gè Mondyal la. Gade, li te estope onz Novanm, a onzè nan jounen an; onzyèm mwa a, onzyèm jou a, ak onzyèm è. E imedyatman apre sa, batèm dlo nan Non Jezi a te revele epi Batèm Sentespri a pou Legliz. Egzakteman, imedyatman apre sa.

43 Si w reprann li nan Apokalips, jan nou te mete Sa ansanm, epi ant Laj Filadèlfi ak Lawodise. Epi Metodis yo te gen Laj Filadèlfi a, lanmou fratènèl. E dènye aj la, aj legliz la, se te Laj Lawodise a, ki te laj tyèd la. Epi la a Li te di, “Mwen mete yon pòt (yon pòt ki louvri) devan w.” Yon pòt ki louvri! E si w refere w a Ekriti sa yo, sa pral lye Mesaj la annantye dirèk nan yon sèl plas la a, pou montre w egzakteman.

44 Gade! La sèke tout bagay se te Pè, Fis, Sentespri, nan kesyon batèm, (ke nou pral dirèkteman antre ladann) ki te absoliman yon kredo Katolik e jamè yon doktrin Kreyen. Non, mesye. Mwen jis . . . Nou genyen l drèt la, aswè a, pou n antre ladann; ak leksik la, tou. Ou wè? Wi, mesye, e avèk listwa tou. Pa t janm te gen yon moun ki te janm batize konsa nan Bib la, oswa pa pandan premye sisanzan apre Bib la. E m ka pwouve sa drèt la apati de pwòp doktrin Katolik la, ke yo te sila ki te kòmanse l, pou ap wouze epi vide dlo.

45 Yo te soti la pou antre nan legliz Wesleyèn, epi nan legliz Metodis, Metodis te pase l bay Batis, Batis te transmèt li ale nèt, e se toujou yon fo doktrin! E m ka retounen nan Bib la pou pwouve w ke Bib la di ke “ou gen yon non pou di ou vivan, men ou mouri.” Se egzakteman sa. E yo te gen . . .

46 Mwen ka pwouve ke Bib la anseye ke yo t ap itilize Non Li nan batèm jouk nan laj tenèb la, dapre katriyèm aj la—la . . . aj—aj legliz la, Aj Legliz Pègam. E Li te di, nan, pandan mil senksan lane aj tenèb yo, chak moun, te di, “Ou gen yon ti limyè ki rete, paske w pa t renye Non Mwen.”

47 Lè li kesyon de lòt aj sa laba, aj Katolik la, Li te di, “Ou gen yon non ke w ap ‘viv,’ men ou mouri! E ou te renye Non Mwen.” Men ni. Ou wè? Tout sa jis fòme yon gwo bèl imaj ansanm, Bib la annantye.

48 Kounye a remake sa:

. . . *ki kenbe kat van yo . . .*

*E m te wè yon lòt zanj ki sot nan Syèl la, ki gen so Bondye vivan an: . . . (So a)*

49 Kounye a, kisa so Bondye vivan an ye? Bon, nou menm frè Advantis yo nou pral di se, “Obsève jou saba a.” Mwen vle nou



montre m sa nan Ekriti a. Li pa la. Pa gen yon sèl kote l te fèt . . . se—se so a . . .

50 Si w li Efezyen 4:30, byen vit, ou va jwenn kisa So Bondye vivan an ye. Efezyen 4:30 di, “Pa atriste Sentespri Bondye a akòz de Li nou te sele jouk jou redanmsyon nou an.” Pa jouk pwochen revèy la, men l te gen sekirite Etènèl (en-hen). “Pa atriste Sentespri Bondye a ke poutèt li nou te sele jouk jou redanmsyon nou an.” Gade si Efezyen 4:30 pa di sa, alò al nan nòt arebò paj ou yo epi repase tout rès la atravè Lèzekriti la, epi ou va wè. Kounye a, “Sele jouk jou redanmsyon w. Posede so Bondye vivan an.”

51 Kounye a, sonje, yo pa t anseye Sentespri a antanke Batèm Sentespri jouk apre Premye Gè Mondyal la. Nou fèk sot selebre jibile annò nou—nou an, karant lane, oswa karantèm ane jibile a.

*. . . e li te kriye ak yon vwa byen fò bay kat zanj yo, ke yo te bay yo pou fè tè a mal oswa lanmè a,*

*Li di, Pa fè tè a mal, ni lanmè a, ni okenn pyebwa, jiskaske nou sele sèvitè yo . . . (kounye a n ap rive sou kesyon w lan, “timoun yo,” ou wè) . . . sèvitè Bondye nou yo nan fwon yo. (pa fè mal, pa detwi tè a, pa kite yon bonm atomik eklate, pa konplete ankenn bagay jiskaske sèvitè Bondye nou yo sele)*

52 Kounye a, si n te ka reprann sa laba a epi kouri tounen la, jan ke—ke menm nan *Deklen Gè Mondyal la*, nan dezyèm faz la, lè Jeneral Allenby te batay jouk li te atenn fwontyè Jerizalèm, e li te jis voye yon telegram bay Wa Angletè a, epi l te di, “Mwen pa vle tire sou vil la, sou baz ke li sakre.” Li di: “Kisa m ap fè?”

53 Li te di: “Lapriyè.”

54 Epi li te pase sou tèt li ankò nan avyon, e lè yo te fè sa, yo te di: “Allenby ap vini.” E te gen Mawometan la, yo panse li te di: “Allah ap vini.” Epi yo te monte drapo blan an epi yo te rann tèt yo e Allenby te antre nan Jerizalèm epi pran l san yo pa t tire yon bal, dapre pwofesi yo, se vre, epi li te remèt li bay Jwif yo.

55 Apre sa yo te prepare yon Hitler pou pèsèkite Jwif yo, epi toupatou nan mond lan, pou fè yo retounen la.

56 E Bib la di Li t ap “mennen yo tounen sou zèl yon èg.” E lè yo te kòmanse retounen . . . Magazin *Life* epi lòt yo te rapòte l kèk semèn de sa, kote yo te mennen yo tounen pa milye, nan Jerizalèm, epi yo te ale pou pote vye granmoun sa yo sou do yo. Yo te fè entèvyou avèk yo. Mwen gen tout bagay la sou bobin anrejistremant ak fim. Epi li di . . . La yo te pandye drapo kat etwal David la, ki te pandye la; drapo ki pi ansyen nan mond lan, premye fwa li t ap flote depi de mil lane.

57 Jezi di, “Lè pye figye a pouse boujon li, jenerasyon sa a p ap pase.”

58 E la yo t ap mennen vye granmoun yo, e yo te di, “Kisa? Èske n ap retounen pou n ka mouri nan peyi a?”

59 Yo te reponn, “Non, nou vini pou n wè Mesi a.”

60 E, frè, mwen di w, ke nou nan papòt la! Men sèvitè yo, sa yo k ap tann byen lwen anba a. Se pa pakèt Jwif sa yo ki t ap tronpe w ak fo dan w si yo te kapab, se pa de Jwif sa yo ke L ap pale. Men de sa yo byen lwen ki te obsève lwa—lwa yo ak lòt bagay, e ki pa t janm menm konnen ke te gen yon Mesi.

61 E Frè. . . nan Stockholm, Frè Petrus, te voye yon milyon Nouvo Testaman ba yo, e lè yo te jwenn yo yo te li yo. Yo te di, “Ebyen, si sa a se Mesi a, ann wè l fè siy yon pwofèt, e nou va kwè l.”

62 Ala yon aranjman pou ministè mwen! Mwen te a dezèdtan nan papòt Jerizalèm lan, pou m antre, e m te nan vil Caire, nan peyi Lejip. Epi m t ap fè lè san pa, e Sentespri a te di: “Piga w ale kounye a.”

63 Mwen te panse, “M te jis ap imajine. Tikè m te fin achte, mwen te sou wout mwen. Nonm lan te deyò a la pou l te rankontre m, tout gwoup la, lekòl yo e latriye.”

64 M te mache yon ti jan pi lwen, e Lespri a te di, “Pa ale! Piga w ale.”

65 Mwen te retounen al jwenn ajan tikè a, mwen te di, “M ap anile tikè sa. Mwen vle ale Athène, peyi Lagrès, sou Montay Mas la.

66 E li te reponn, “Ebyen, tikè w la se pou Jerizalèm, mesye.”

67 Mwen te di, “M vle al Athène olye pou m ale Jerizalèm.” Sentespri a ap tann, lè sa jis poko rive. Se senpleman ke se jis pa moman kòrèk la.

68 Obsève:

. . . *sele sèvitè Bondye nou an nan fwon yo,*

*Li di, Pa fè tè a mal, . . . jouk nou . . . sele sèvitè Bondye nou an nan fwon yo. (nenpòt moun konnen ke sa se So Sentespri a; obsève)*

*E m te tande kantite sila yo ki te sele: . . . (kounye a, si yo pa t Jwif, obsève sa a) . . . epi san karannkat mil pami tout tribi timoun Israel yo te sele. (pa yon Moun lòt Nasyon pami yo. Sa se nan fen tan an)*

69 Obsève! Tribi Jida a, douz mil; tribi Woubenn lan, douz mil; epi ap desann, Gad, douz mil; Nèftali, epi—epi—ap desann anba nèt rive sou Asè, epi—epi Zabilon, ak tout douz tribi Izrayèl sa yo. Epi douz fwa douz se kisa? Sankarannkat mil. Men sankarannkat mil yo, Jwif! Pa Moun lòt nasyon, Jwif! Sa pa gen yon bagay pou wè ak Epouz la. Kifè Temwen Jewova yo fo nan doktrin yo a. Bib la di aklè ke yo se “Jwif,” e pa Moun lòt nasyon.

Yo se sèvitè Bondye, e Moun lòt nasyon yo pa t janm konsidere kòm sèvitè. Nou se pitit gason ak pitit fi, pa sèvitè.

<sup>70</sup> Kounye a li rèl La. Se tankou nonm ki t ap manje melon an, li te di, “Sa bon, men an nou gen kèk mòso an plis.” Dakò, Bondye gen anpil Konsa isi a. Kounye a, jis remake. Bon, kounye a nou nan vèsè 8 la:

*Epi nan tribi Zablon an . . . sele douz mil. Tout tribi Jozèf la douz mil te sele. Nan tribi Benjamen an, douz mil te sele.*

<sup>71</sup> Ou wè, Jan, ki te yon Jwif, te rekonèt yo chak, li te wè douz tribi Izrayèl yo; douz mil nan chak tribi, douz fwa douz ki se sankarannkat mil. Men yo la a, pa Legliz, Jwif yo. Bib la di la a, yo tout se te “timoun Izrayèl,” yo te nonmen chak tribi.

<sup>72</sup> Kounye a gade, vèsè 9 la:

*Aprè sa (kounye a men Epouz la k ap vini) . . .*

*Aprè sa mwen te gade, . . . men ni, yon gwo foul moun, ke okenn moun pa t ka konte, . . .*

<sup>73</sup> Men enik tanp nou yo, yo jis sankarannkat mil, jis yon ti pil, jis yon ti gadyen tanp ki pral avèk Epouz la; jis Limenm—ak jis eskòt Li. Sa se sankarannkat mil yo, se pou eskòte Epouz la; enik nan tanp lan.

<sup>74</sup> Obsève! Natirèlman, mwen konnen ke w ap retounen sou chapit 14 la, e li di: “Ebyen, yo avèk Epouz la kèlkeswa kote yo . . .” Absoliman! Enik yo vwayaje ak rèn lan kèlkeswa kote l ale. Se vre! Men kisa yo te ye? Yo pa t anyen lòt ke eskòt, e se jis egzakteman sa Lekriti deklare l ye la.

<sup>75</sup> Remake:

*E aprè sa . . . epi, men ni, yon gwo foul moun, ke okenn moun pa t ka konte, nan tout nasyon, . . . tribi, . . . pèp, ak lang, . . . (men Epouz Moun lòt Nasyon w lan k ap vini, dakò) . . . sa yo te kanpe . . . devan Ayo a, (men Sovè yo a, Ayo a, pa lalwa; Ayo a, Gras) . . . abiye ak wòb blan, . . . (siveye, nan kèk minit, gade si wòb blan yo se pa jistis sen an) . . . epi palmye yo nan men yo;*

*Epi yo te rele ak yon vwa byen fò, . . . (si sa se pa yon revèy Pannkotis, mwen pa t janm tandè youn) . . . ap di, Sali pou Bondye nou an ki chita sou twòn lan, e pou Ayo a.*

*Epi tout zanj yo te kanpe toutotou twòn lan, ak ansyen yo ak kat bèt yo, . . . te pwostène sou . . . devan twòn nan fas yo atè, e yo t ap adore Bondye,*

*T ap di, Amèn: Benediksyon, . . . glwa, . . . sajès, . . . remèsiman, . . . onè, . . . pwisans, pouwva, pou Bondye nou an pou tout tan ak tout tan. Amèn.*

76 Sa sonnen tankou yon moman rankont nan kan, pa vre? Se pral sa! Se te kiyès? Sankarannkat mil yo? Pa ditou! Grann kantite sa a ke okenn moun . . .soti nan tout ras, tout lang, ak tout nasyon. Èske w pa ka wè, zanmi pa m nan?

77 Kounye a obsève, jis li L. Kounye a:

*Epi youn nan ansyen yo te reponn, li di m, Kimoun sa yo ye epi . . .ki te abiye ak wòb blan yo? e ki kote yo soti?*

78 Ansyen an te di Jan, ki te yon Jwif ki te rekonèt sankarannkat mil yo, te di, “Kounye a, ou te konnen yo, yo tout se Jwif. Men kimoun sila sa yo ye? Ki kote yo soti?” Ann wè kisa ansyen an te di? “Youn nan ansyen yo te reponn,” (sa se ansyen yo ki devan Twòn lan) “te reponn mwen, ap di, ‘Kisa sa yo ki abiye ak wòb blan yo ye? Epi ki kote yo soti? Kounye a, nou tout konnen Jwif yo ak alyans yo e latriye, men ki lè sa yo te vini?’” Kounye a obsève:

*Epi mwen te di l, Mesye, ou konnen.* (“Mwen—mwen—mwen pa konnen,” Jan te di, “sa jis depase m. Mwen pa konnen.”) *Epi li di m,* Se sa yo ki te *soti nan grann tribilasyon an,* (“Atravè eprèv ak anpil danje sa yo, traka ak pyèj yo, mwen deja travèse.” Ou wè?) . . .sa yo *soti nan grann tribilasyon, e yo te lave wòb yo, . . .* (nan legliz? Èske sa sonnen byen?) . . .*yo te lave wòb yo, e yo te rann yo blan ak san Ayo a.*

. . .*yo devan twòn Bondye a, epi ap sèvi L lajounen kou lannwit . . .* (kimoun k ap sèvi m lakay mwen? Madanm mwen. Èske se vre?) . . .*e nan tanp Li: . . .* (se sila ki rete avè m lakay mwen e ki nan nan sa m posede, sa se madanm mwen. Manzè se sila ki chita avè m, epi lave rad mwen, e k ap prepare bagay yo pou mwen) . . .*e sila ki chita sou twòn lan va abite pami yo.* (O, la la, koute!)

*E yo p ap soufri grangou ankò, . . .* (ta sanble yo te rate kèk plat manje sou wout la) . . .*ni tou yo p ap swaf ankò; ni tou limyè solèy la p ap sou yo ankò, ni okenn chalè.*

*Paske Ayo ki nan mitan twòn lan va ba yo manje, e va kondui yo nan sous dlo vivan an: e Bondye va siye . . . tout dlo nan je yo.* (men Manzè, men Epouz ou a)

79 Men sankarannkat mil ou yo, men sèvitè w yo. Alò “timoun Wayòm yo” isi a, moun pa m nan ki te poze kesyon an, se yon . . . ki te poze kesyon remakab sa a. Mwen panse m te ka kite l la nan yon . . .kèk kote, men “lè yo va chase yo,” sa pa vle di ke yo pral chase yo soti nan panse Bondye. Yo te chase yo de benefis esprityèl pandan yon peryòd. Ou wè, jis pou yon ti peryòd.

80 Paske, lè pwofèt la te wè Izrayèl nan jou sa a kote l ta pral vini an, li te di, “Ebyen, èske Izrayèl va egziste lè yo va fini ak Saba, pou—pou y ap vann jou Saba a menm jan ak nenpòt lòt

jou, ak tout bagay sa yo?” Li te mande, “Ebyen, èske W ap—èske W ap janm . . . Èske y ap bliye Izrayèl konplètman?”

<sup>81</sup> Li te reponn, “Ki wotè syèl la ye? Ki pwofondè tè a ye? Mezire l ak baton sa ki etann devan w lan.”

Li te di, “M pa kapab!”

<sup>82</sup> Li te di, “Menm jan an Mwen p ap janm bliye Izrayèl.” Sètènman pa! Yo p ap janm bliye Izrayèl.

<sup>83</sup> Kifè, ou wè, *pou tout tan* epi *Etènèl* se de bagay diferan. Yo te chase Izrayèl, men pa nan panse Bondye. E Pòl di l la, si m te gen yon . . . te gen tan pou m etidye l, konsa mwen te ka byen vit ale nan Ekriti ke . . . Mwen te ka refere w a yo, ou wè, sa vin nan lespri m.

<sup>84</sup> Pòl t ap pale laba a, li di ke pou noumenm Moun lòt Nasyon yo fè atansyon, ak fason nou t ap mache epi sa nou t ap fè. Ou wè? Paske si Bondye pa t epaye branch orijinal la, ou wè, e nou jis te grefe ladann, ou wè, . . . Epi Izrayèl, ke yo te rann avèg pou yon peryòd, li te di. Jis pou yon peryòd, yo te rann Izrayèl avèg. Se vre, men yo va retire vwal la nan je yo. E se lè dènye Moun lòt Nasyon an va ne nan Wayòm Bondye a, lè sa vwal yo a va soti nan je Izrayèl. Epi yo va di, “Sa a se Mesi Ke nou te espere wè a.” Se vre, men pòt Moun lòt Nasyon yo fèmen (ach la ap—ap fèmen), pa gen ankò—pa gen okenn gras ankò pou Moun lòt Nasyon yo nan moman sa.

<sup>85</sup> Kounye a, mwen pran yon pakèt tan sou yon kesyon. E yon moun va di, “Kounye a ou p ap rive sou pa m lan.” Ebyen, n ap depeche nou pou wè si n pa ka rive sou li.

<sup>86</sup> Dakò, men youn—youn ki long. Epi nan chak ti pati madanm lan te mande oswa mesye a te mande, oubyen kèlkeswa moun li ye a, se kòrèk.

**53. Èske se pa vre ke Seyè Jezi a pa t mouri pou lemond antye, ki vle di tout moun nan mond lan, men pito . . .** (Kounye a, mwen va eksplike sa, men manzè, misye ou manzè, kèlkeswa sa l ye a, sa sanble ak ekriti yon fanm.) . . . **men pito pou sila—pito pou sila yo ki tout kote nan mond lan, ke Papa a te ba Li? Sila yo ki anvan fondasyon mond lan, Bondye te òdone pou gen Lavi Etènèl, ke li te eli yo dapre Pwòp bon plezi pa L?**

<sup>87</sup> Absoliman, se vre! Se egzaktman sa. Jezi te mouri pou . . . pa jis pou . . . Li detèmine.

<sup>88</sup> Ann wè, mwen kwè . . . Mwen—mwen kwè ke yo li . . . yon kesyon ki vin sou sa:

**54. Lekriti di nou san ankenn dout ke sa yo se sila yo ki p ap—se sila yo ki p ap sove. Kidonk . . .**

<sup>89</sup> Se egzaktman sa. Ekriti a di nou ke gen moun ke Bondye te òdone davans pou yo te kondane.

<sup>90</sup> Èske w ta renmen li sa, konsa sa va soti nèt nan lespri w? Dakò, ann ale kounye a nan Liv—liv Jid la, Jid k ap pale la.

*Jid, sèvitè Jezikri, frè Jak la, pou sila yo ki sanktifye pa Bondye Papa a, e ki prezève nan Jezikri, ke yo rele:*

<sup>91</sup> Ou wè a kimoun li adrese Sa? Se pa a pechè a, non sèlman sèvis evanjelizasyon, men a sa ki sanktifye e ki te rele a. Ou wè, sa yo ki deja nan Wayòm lan.

*Se pou mizerikòd, epi lapè, ak lanmou, miltipliye pou ou.*

*Byeneme, . . . Mwen dezire ak tout kè m pou m ekri nou konsènan sali komen an, li te nesèsè pou m ekri nou, epi pou ankouraje w . . . ou ta dwe konbat seryezman pou lafwa ki te yon fwa transmèt bay sen yo.*

*Paske gen kèk mesye ki te glise antre moun enkonsyan, ki te òdone lontan davans pou kondanasyon sa a, . . . (kouman?) . . . transfòme gras Bondye nou an vin pèvesite, . . .*

<sup>92</sup> Òdone depi lontan! Se pa ke Bondye rete chita sou twòn lan, pou di, “M ap sove nonm *sa a*, m ap pèdi nonm *sa*.” Se pa t sa! Bondye te mouri, e lè Jezi te mouri, ekspyasyon an te kouvri tout tè a nèt pou chak moun. Men Bondye, pa prekonnesans . . . Se pa ke Li vle . . . Li pa vle ke okenn moun peri. Li te vle tout moun sove. Sa se te pa L—se te objektif Etènèl pa L. Men si L te Bondye, Li te konnen kilès ki t ap sove e kilès ki pa t ap sove. Si L pa t konnen, alò Li pa t Bondye enfini an. Kidonk Bib la anseye sa. Ke nou te ka . . .

<sup>93</sup> Si nou te gen tan pou nou al la a nan Women, chapit 8 la, e ou ta ka li l. Women, chapit 9 la, anpil lòt kote nan Bib la. Efezyen, premye chapit la. E ou ka wè ke eleksyon Bondye a, pou li te ka rete konsekans, Bondye te pase alyans lan san kondisyon. Li te voye Jezi mouri pou sila yo ke Li te konnen davans. Ou wè?

<sup>94</sup> Pa jis pou ap di, “Ebyen, ou va di Bondye pa konnen si manzè ap sove ou non?” Bondye te konnen ke w t ap sove, oswa si w t ap sove ou non, anvan mond lan te menm kòmanse, osinon Li pa t Bondye.

<sup>95</sup> Èske w konnen kisa mo *enfini* an vle di? Gade . . . gade nan diksyonè epi chèche konnen kisa mo *enfini* an vle di. Enben, Li te konnen chak ti pis ki t ap janm la sou tè a, chak mouch, chak moustik, chak mikwòb. Li te konnen l anvan yo te janm vin alegzistans, osinon Li pa t Bondye. Sètènman, Li te konnen l. Dakò.

<sup>96</sup> Alò, nan sans sa a, Bondye pa t ka—pa t ap di, “M ap pran *w*, pou voye w nan lanfè; epi M ap pran *w*, pou voye w nan Syèl.” Bondye te vle nou toulède al nan Syèl. Men pa prekonnesans Li te konnen ke youn t ap yon koken, epi lòt la t ap yon moun de byen e yon Kreyen. Ou wè? Se poutèt sa Li te dwe voye Jezi mouri,

pou sove nonm sa ke Li te konnen davans ki te vle sove. Èske w sezi l?

Kounye a gade la a:

**Lèzekriti san ankenn dout di nou ke sa yo se yomenm ki p ap sove a.**

- 55. Kidonk si ekspyasyon an kouvri tout . . . tout ras Adan an, e kèk te pèdi paske yo pa t pwofite de pwomès la, oswa moyen ki te bay la, Eske l pa ta . . . kab- . . . lib . . . èske l . . . èske pral gen yon fòs ki pi pwisan pase plan Etènèl ak objektif Bondye Toupwisan an? Èske se ta . . . (Moun lan kounye a, nan dezyèm kesyon sa a, ap mande.) Èske lib abit nonm lan pa t ap yon fòs ki pi pwisan pase plan Etènèl ak objektif yon Bondye Toupwisan?**

<sup>97</sup> Non, frè m oswa sè m. Sètènman pa! Pa gen anyen ki pi pwisan . . . Volonte lòm pa t ap janm konpare ak bi—bi Etènèl jijman Bondye. Sa pa t ap posib, ou wè.

<sup>98</sup> Kounye a, premye kesyon w lan te kòrèk. Dezyèm kesyon w lan pa t ka kòrèk, zanmi. Paske gade, gad fason sa ekri la a, ou wè: “Èske lib abit lòm pa t ap yon fòs ki pi pwisan pase plan ak objektif Etènèl Bondye Toupwisan an?” Ebyen, sètènman pa. Kijan volonte lòm ta ka yon fòs pi pwisan pase objektif Bondye Toupwisan an? E lòm nan kondisyon chanèl li pou l vle sa l renmen an, pi fò pase sa yon Bondye Etènèl, pafè ta ye? Sètènman pa! Sa pa t ka fèt, ou wè. Bondye Etènèl la, ke objektif Li pafè, kijan w ta ka di ke yon—yon nonm chanèl anba la a, kèlkeswa jan li jis (e li ta ka jis), objektif li yo pa t ap nan okenn ka konpare ak sa: objektif Bondye Etènèl e Toupwisan an—an.

<sup>99</sup> [Yon sè pale ak Frè Branham—Editè a.] Wi. [“Mwen ekskize m. M te jis vle poze yon kesyon, epi—epi ou mal konprann sa m vle di la a.”] Wi, dakò, sè. [“Mwen pa kwè sa ditou, M te vle di ke ‘Objektif Etènèl Bondye a domine sou lib abit lòm.’”]

<sup>100</sup> Se vre. Oo, bon, mwen—mwen te mal li l alò, ou wè. Dakò. Wi, ou egzaktaman gen rezon la a, sè. M pa t konnen se te kesyon w—kesyon ou. Dakò. Men, ou wè, kote m te jwenn li la a, ou wè, . . . Kounye a kite m wè, “Kouvri tout ras Adan an, e kèk te pèdi paske yo pa t pwofite yomenm—yomenm de mwayen li a, eske lib abit lòm pa t ap yon fòs ki pi pwisan pase plan ak objektif Etènèl Bondye Toupwisan an?” Ou wè, mwen—mwen te mal entèprete panse w la la a. Wi, bi Etènèl Bondye Toupwisan an. Ebyen, sa regle kesyon an.

<sup>101</sup> M imajine ke tout moun konprann sa. Ou konprann, leve men w. Se—se bi Etènèl Bondye Toupwisan an, ki t ap pi siperyè sètèn—bokou pi siperyè ke sa lòm te ka fè.

Kounye a:

- 56. Mwen pa konprann ekleraj sou batèm dlo a, nan chapit 28 nan . . . vèsè 19 la, nan Matye. Kisa sa vle di?**

<sup>102</sup> Ebyen, la, petèt sa p ap pran m plis ke jis yon minit. Epi ann pran yon moun pou al avè m si nou vle, nan Matye, chapit 28 la, epi vèsè 19 la. E n ap wè, jis sa moun lan ap . . . vennsenk . . . Kounye a, Sa va rann ou fò si w ap jis rete avè L. Se—Se byen, ou wè. Se pa evanjelizasyon, men Se . . .

<sup>103</sup> Kounye a nou se . . . Kounye a men kote moun yo eseye di, “Gen kontradiksyon nan Bib la.” Bon, mwen vle pou yon moun ale nan . . . ak Matye 28:19. Oswa, non, mwen vle yon moun . . . Matye 28:19. Mwen vle pou yon moun ale nan Ak 2:38. Ou gen Bib ou la a, Frè Neville?

<sup>104</sup> E mwen vle w li pou oumenm kounye a. “E m ap montre w yon kontradiksyon presi nan Bib la. E sa ke—Bib la . . . Moun yo di ‘Bib la pa kontredi tèt Li,’ Mwen vle nou pran sa a an konsiderasyon.”

<sup>105</sup> E sa lakoz cheve anseyan yo blanchi. Men Sa—Sa senp. Kounye a m ap li Matye 28:19, noumenm swiv mwen. E kèk nan nou avèk Ak 2:38, prepare nou. M ap kòmanse nan vèsè 18 la, sa se chapit final Matye a:

*Epi Jezi te vini epi li te pale ak disip li yo— . . . te pale ak yo, li di, Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. (kote pouvwa Papa a?)*

<sup>106</sup> Si yo te bay Jezi tout pouvwa nan Syèl ak sou tè a, alò Bondye te vin san pouvwa, se pa Vre? Oswa èske L te jis rakonte yon istwa? Èske L t ap plezante? Li te vle di Sa! Èske w pa kwè L te vle di Sa? Ebyen, si yo ba L tout pouvwa, ki kote pouvwa Bondye ye lè sa? Li te Bondye! Sa kòrèk. Sa se sèl bagay ki genyen ak sa. Se jis tout sa ki te genyen. Ou wè, Li te Bondye; osinon swa gen yon moun ki la a, ki te gen kèk pouvwa, epi ki pa genyen l ankò. Ou wè? Alò ou pa ka—ou pa ka konfonn Sa. Nou pral pran sa drèt la sou menm bagay sa la. Dakò:

*. . . Tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a se . . . nan syèl la ak sou tè a.*

*Ale non, . . . anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè, Fis, ak Sentespri:*

*anseye yo pou yo obsève tout bagay sa yo ke M te kòmande nou: . . . gade, mwen toujou avèk nou, menm jouk nan fen mond lan.*

<sup>107</sup> Ak 2:38, kounye a yon moun li. Tann jis yon minit. Ak, chapit 2, vèsè 38 la. Bon, koute vrèman byen kounye a, epi jis pran pasyans, e nou va wè la. Bon, sa a se dis jou apre Jezi te fin pwente yo la, Matye 28:19, “Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè, Fis, ak Sentespri.”

<sup>108</sup> Kounye a, Pyè, dis jou apre . . . Yo pa t janm preche yon lòt mesaj. Yo te monte nan chanm wot ki Jerizalèm lan, e yo te tann la (pandan di jou) pou Sentespri a te vini. Konbyen moun ki konn sa? Nan plas sa a. Men Pyè, Pyè te gen kle Wayòm lan. Dakò, nou



pral wè sa l te fè. Matye, oswa mwen vle di Ak 2, ann pran vèsè 36 la:

*Kidonk ke tout kay Izrayèl la konnen sètènman, ke Bondye te fè menm Jezi sa a, ke nou . . . te krisifye a, alafwa Seyè e Kris.*

“Alafwa Seyè e Kris.” Se pa etonan, yo te ba L tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.

*Kounye a lè yo te tandè sa, yo te gen kè yo vrèman touche, e yo te di Pyè ak . . . rès apot yo, Mesye epi frè yo, kisa nou dwe fè?*

*Pyè te reponn . . . Pyè te di yo: Repanti, chak nan nou, epi batize nan non Jezikri pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a.*

<sup>109</sup> Bon, gen yon kontradiksyon, Matye te di: “Batize nan Non: Pè, Fis, Sentespri,” e Pyè te di nan Ak 2:38, dis jou apre, “Repanti, epi batize nan Non Jezikri.”

<sup>110</sup> Apresa pwochèn fwa yo te pale—yo te pale de repantans, oswa, de batèm, nan Bib la, se nan Ak—chapit 8 la, lè Filip te desann al preche a . . . a—a moun Samariten yo. E yo te resevwa Sentespri a, e yo te batize nan Non Jezikri.

<sup>111</sup> Pwochèn fwa ke yo te pale de sa, se lè Moun lòt nasyon yo te resevwa L, Ak 10:49:

*E pandan ke Pyè . . . t ap pwononse pawòl sa yo, gade, Sentespri a te tonbe sou . . . sa yo ki te tandè yo.*

*Paske yo te tandè yo ap pale an lang, epi ap glorifye Bondye. Alò Pyè te di,*

*Èske yo ka entèdi dlo a yon nonm, lè n wè ke sila yo . . . te resevwa Sentespri a jan nou te fè l nan kòmansman an?*

*E li te bay lòd pou yo batize nan non Seyè Jezikri.*

<sup>112</sup> Kounye a kite m pran yon bagay la, ap jis montre w yon ti bagay pou w pa bliye sa; m pral bwose yon ti tablo. Mwen pral mete . . . Konbyen jener- . . . nasyonalite moun ki gen nan mond lan? Gen twa: moun Kam, Sèm, ak Jafè. Konbyen moun ki konn sa? Nou vin de twa pitit Noye sa yo. Moun Kam yo, moun Sèm yo . . . Pèp Jafèt yo se Anglo-Saxon yo, moun Sèm yo se . . . Twa jenerasyon yo, ki se: Jwif, Moun lòt Nasyon, e mwatye Jwif e mwatye Moun lòt Nasyon. Kounye a, remake, lè ke la a . . . e sa a se Kam . . . Sèm, Kam, ak Jafè.

<sup>113</sup> Kounye a, premye fwa yo te janm pale de batèm, se Jan Batis ki te pale de sa. Konbyen moun ki konnen ke sa se verite? Dakò, m pral mete l isit la, byen lwen la a, Jan Batis. E Jan te batize moun yo nan rivyè Jouden an, te kòmande yo pou yo repanti epi mete yo annòd ak Bondye, epi vann byen yo, pou bay pòv yo manje, epi pou sòlda yo kontante yo ak lajan pa yo, epi mete yo annòd

ak Bondye. Konbyen moun ki konn sa? E li te batize yo nan rivyè Jouden an, li pa t awoze yo, li pa t ap vide dlo sou yo, men li te plonje yo! Si w pa kwè Sa, men leksik la, chache konnen si se pa *baptizo*, ki se “batize, plonje, mete anba, antere.” Kounye a, premye fwa yo te janm pale de batèm, se te la.

<sup>114</sup> Dezyèm fwa yo te janm pale de batèm, Jezi te bay lòd la, Matye 28:19.

<sup>115</sup> Pwochè fwa ke yo te pale de batèm, se te Ak 2:38.

<sup>116</sup> Pwochè fwa yo te pale de batèm, se te nan Ak chapit 8.

<sup>117</sup> Pwochè fwa ke yo te pale de batèm, se te nan—nan Ak chapit 10.

<sup>118</sup> E apres nou pati de kote Jezi te di, la a, “Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non Pè, Fis, e Sentespri.”

<sup>119</sup> Kounye a annou byen kanpe Ekriti sa a, dabò. Mwen te di w ke “pa gen yon sèl Ekriti nan Bib la k ap kontredi yon lòt.” Mwen vle w pote l ban mwen. M ap mande sa depi vennsizan, e m poko jwenn li ankò. Pa gen okenn Ekriti ki kont-. . . Si l kontredi L, alò se yon bagay ke lòm ekri. Non, mesye, pa gen okenn kontradiksyon nan Bib la!

<sup>120</sup> Kounye a ou te di konsa, “Sa k rive ak *sa*?”

<sup>121</sup> Men Jezi kanpe ap di, “Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non Pè, Fis, Sentespri.”

<sup>122</sup> Epi Pyè fè demitou la menm, pou di, “Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri.”

<sup>123</sup> “Men kontradiksyon w lan.” Ta sanble sa. Kounye a, si w ap li ak yon panse chanèl, e pa avèk yon kè ki louvri, sa ap yon kontradiksyon.

<sup>124</sup> Men si w ap li L ak panse w louvri, “Sentespri a kache sa pou je saj ak entèlijans yo,” Jezi te di sa, pou te remèsye Bondye pou sa, “e te revele L pou ti bebe yo ki ta vle aprann.” Si w gen yon panse, pa yon panse egoyis, men yon kè dispoze pou aprann, Sentespri a va anseye w bagay sa yo.

<sup>125</sup> Kounye a si sa pa konpare. . . Ou di, “Kijan w fè konnen ke w gen rezon?” Ebyen, sa konkòde ak rèl Ekriti a. Si w pa fè sa, ou gen kareman yon kontradiksyon la a.

<sup>126</sup> Kounye a mwen vle poze w yon kesyon. Sa se dènye chapit Matye a. M ap pran li sou yon fòm senp, konsa nou chak. . . timoun yo ap konprann Li.

<sup>127</sup> Pa egzanp, si w ap li yon istwa lanmou, epi nan fen liv la sa di, “Epi Mari ak Jan te viv ak kè kontan pou tout tan.” Ebyen, w ap mande tèt ou kimoun Jan ak Mari te ye ki te viv ak kè kontan pou tout tan. Kounye a, si w vle konnen kimoun Jan ak Mari ye, ou ta fè mye retounen nan kòmansman liv la pou dekouvri kimoun Jan ak Mari ye. Apres retounen la a epi chèche konnen kilès Mari te ye, e nan ki fanmi li soti; e kilès Jan te ye, e nan ki fanmi li soti,

e kisa non l te ye, epi ki jan yo te marye, ak tout bagay sou sa. Se pa vre?

<sup>128</sup> Ebyen, se menm bagay la nan lekti Bib la la a. Lè ke . . . Gade, Jezi pa t janm di, “Al batize moun yo nan non Pè, nan non Fis, nan non Sentespri,” fason moun trinitè yo batize a. Pa gen okenn Ekriti pou sa nan Bib la. Li pa t janm di, “Nan non sa yo (n-o-n-s), non sa yo” Pè, Fis, e Sentespri.

<sup>129</sup> Li te di, “Nan (n-o-n) non,” sengilye. Gade nan Bib ou la a epi dekouvri si se vre, Matye 28, “Nan *Non*.”

<sup>130</sup> Pa “nan non Pè, nan non Fis, . . .” sa se fason yon predikatè trinitè batize. “Nan non Pè, nan non Fis, e nan non Sentespri.” Sa pa menm nan Bib la.

<sup>131</sup> “Alò nan non . . .” Ou di, “Ebyen, alò nan non ‘Pè, Fis, ak Sentespri.’” Alò gen yon Non kèlkonk la a.

<sup>132</sup> Bon, èske *pè* se yon non? Konbyen moun ki konnen ke *pè* se pa yon non? *Pè* se yon tit. *Fis* se pa yon non. Konbyen moun ki konnen ke *fi* se pa yon non? Konbyen papa ki anndan la? Leve men nou. Konbyen pitit gason ki anndan la? Leve men nou. Ebyen, kilès nan nou ki rele “Pitit gason”? Kilès nan nou ki rele “Papa”? Dakò, *Sentespri* se pa yon non, *Sentespri* se sa Sa ye a. Konbyen imen ki anndan isi a? Leve men nou. Ou wè? Men ni, Sentespri a se sa Sa ye. *Pè, Fis*, ak *Sentespri*, ankenn nan yo pa yon non; pa gen okenn non nan sa.

<sup>133</sup> Ebyen, alò, si L te di: “Batize nan Non Pè, Fis ak Sentespri,” nou ta fè mye retounen pou jwenn Kiyès Pè, Fis, ak Sentespri a ye. Ann retounen nan premye chapit Matye a alò, pou wè Kilès Kanmarad sa a te ye ke nou te sipoze batize nan ki Non. E n ap kòmanse kounye a ak Matye, premye chapit la, epi vèsè 18 la. Li avèk atansyon, nou tout.

<sup>134</sup> Kounye a, oudenm ki te poze kesyon an, mwen vle bwose yon ti tablo la. Kounye a mwen pral mete twa bagay la pou w ka konprann aklè, (pou fè imaj la) Bib sa yo ak liv sa yo, pou fè imaj la.

<sup>135</sup> Dakò, mwen vle nou swiv mwen avèk atansyon, epi chak moun swiv mwen kounye a. Kounye a, *sa a* la a se Dye le Pè. *Sa a* isi a se Dye le Fis. *Sa a* isi a se Dye le Sentespri. Kounye a, konbyen moun ki konprann? W ap repete l apre m. Kimoun sa a anba *isi a*? [Kongregasyon an reponn, “Sentespri.”—Editè a.] Sentespri. Kimoun sa a ye *laba*? [“Pè a.”] Kimoun sa a ye *isi a*? [“Fis la.”] Bon, se fason sa trinitè yo kwè sa, Ou wè, sa fè de nou dè payen, jis osi brital ke sa ka ye.

<sup>136</sup> Jwif la; se rezon sa a kifè w pa ka fè anyen ak yon Jwif. Li di, “Ou pa ka koupe Bondye an twa moso pou bay yon Jwif Li.” Men, sètènman pa, ou pa ka fè l avè m tou. Ou wè? Non, mesye. Li se yon sèl Bondye. Se egzakteman sa. Pa twa Bondye. Kounye a remake kijan—kijan—kijan Sa senp.

137 Kounye a nou pral gade. Bon, kimoun ki . . . *Sa a se Kiyès? Yon moun di yon bagay kounye a. Dye le Fis. Èske se vre? Sa a se le Fis. Ebyen, alò Papa L se Bondye. Èske se vre? Konbyen moun ki kwè ke Papa L se Bondye? Leve men nou. Konbyen moun ki kwè ke Bondye se Papa Jezikri? Dakò.*

*Kounye a men ki fason nesans Jezikri a te rive: . . .*

138 Kounye a nou pral fè bak pou wè Kilès Pè, Fis, ak Sentespri a ye, ke Matye te di “batize nan Non l lan.” Ou wè, Non an; se pa non yo kounye a, paske yo pa ka non yo, paske pa gen okenn non la.

*Men kouman nesans Jezikri a te rive: Lè . . . manman l Mari te fyanse ak Jozèf, anvan yo te vin ansanm, yo te jwenn li ansent yon pitit ki vin de Dye le Pè. (Èske Bib la di sa? Kisa Bib la di?) . . . li te twouve l ansent de yon pitit ki vin de Sentespri a.*

139 Alò kilès nan sila yo ki Papa L? Kounye a, Bib la di ke sa a se Papa L, e Jezi te di ke sa a se te Papa L. Kounye a, kilès Moun ki se Papa L? Bon, si L te gen de papa, kisa sa ye la? Si L te gen de papa, Li se yon pitit ilejitim.

140 Kounye a annou jis li yon ti kras pi lwen:

*Alò Jozèf mari l, ki te yon nonm debyen, pa t vle fè l tounen yon egzanp piblik, men li te gen nan tèt li pou mete l de kote an sekre.*

*Men pandan l ap panse sou bagay sa yo, men zanj Seyè a te parèt devan l nan yon rèv, li di: Joseph, ou menm pitit David la, ou pa bezwen pè pran Mari, madanm ou: paske pitit ke l ansent lan vin de . . . [Kongregasyon an di, “Sentespri a”—Editè a.]*

141 De Ki sa? Sentespri a? Ebyen, kijan le Pè ka Papa L, epi Sentespri a ka Papa L an menm tan? Bon, Li te gen de papa lè sa, si se vre. Non, mesye! Sentespri a SE Bondye. Sentespri a SE BONDYE. Kifè Bondye ak Sentespri a se menm Moun lan, osinon Li te gen de papa.

142 Ou wè, nou jwenn kilès Jan ak Mari ye, apre yon ti tan. Dakò, n ap wè si Pyè ak Matye t ap eseye kontredi youn lòt ou non, pou wè si Lekriti kontredi tèt Li. Se yon mank de konpreyansyon espirityèl. Se vre.

*Men pandan l t ap panse sou bagay sa yo . . .*

143 Mwen te pran sa a, vèsè 20 an. Kounye a vèsè 21 an:

*Epi li va akouche yon pitit gason, . . . (Moun Sa a, se te kilès nan sa yo? Yon sèl Moun, Bondye.) . . . e ou va ba li non . . . (Kisa?) [Kongregasyon an reponn: “JEZI”—Editè a.] . . . paske li va sove pèp li a anba peche yo.*

*. . . tout sa te rive, pou ke . . . te ka akonpli sa ke Seyè a te di pa pwofèt la, ki te di,*

*Gade, yon vyèj va ansent, e li va fè yon pitit gason, e yo va ba Li non Emanyèl, . . . ki vle di, Bondye avèk nou.*

<sup>144</sup> Kidonk kimoun *Jan ak Mari* ki te viv ak kè kontan pou tout tan an te yo? Kimoun ki te Sila ki te di, “Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè, Fis, Sentespri a”? Kimoun ki te Papa a? Non Papa a, Pitit la, Sentespri a? [Yon moun di: “Jezi.”—Editè a.] Sètènman, Se te sa. Sèten, pa gen okenn kontradiksyon nan sa. Pa yon ti kras. Li jis byen kanpe Ekriti a. Li te Pè, Fis, ak Sentespri. Bondye te (Emanyèl) ki te abite pami nou, fè tabènak li nan yon kò yo rele “Jezi.”

<sup>145</sup> Kounye a, ansèyman inite legliz Inite, Mwen sètènman pa dakò avèk sa, yo panse ke Jezi se youn tankou dwèt ou yo se youn. Li te oblije gen yon papa. Si Li pat genyen, kijan Li t ap ka fè Pwòp papa L? E si Papa L te yon nonm tankou Trinitè a di, alò Li te fèt pa yon nesans ilejitim ak de papa. Alò, ou wè, nou toulède nou fo nan agimantasyon nou an. Ou wè?

<sup>146</sup> Men Verite a se, ke Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, se alafwa yon sèl Pèsonalite. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . pou abite nan yon tabènak lachè, pou wete peche mond lan. Se egzakteman sa “Bondye avèk nou.” Kidonk, poutèt sa, lè Matye 28:19. . .

<sup>147</sup> Kounye a, al fouye Lèzekriti, e lè w ka jwenn ki kote yon sèl moun nan Bib la. . . (Bon panse a sa, kounye a pa kite sa chape w.) . . . ki kote yon sèl moun nan Bib la te janm batize nan non “Pè,” “Fis,” ak “Sentespri,” tounen vin jwenn mwen epi di m ke mwen se yon ipokrit, e mwen va mete yon siy sou do m pou ap mache nan vil la. Sa pa nan Lèzekriti, depi Jenèz jouk nan Apokalips. Men chak moun nan Bib la te batize nan Non Jezikri!

<sup>148</sup> Ou di: “Tann yon minit, predikatè. E John? Li pa t batize nan okenn non ditou!”

<sup>149</sup> Dakò, nou wè sa k te pase; ann ale nan—nan—nan Ak, chapit 19 la. Se la nou jwenn disip Jan yo. Chak moun te batize nan Non Jezikri, jiskaske kounye a nou jwenn gwoup sa a bò isi a. Ak, chapit 19 la. E ann kòmanse lekti a kounye a, e nou jwenn disip Jan yo:

*E sa te rive ke, . . . pandan Apolòs (ki te yon avoka, ki te konvèti) ki te nan Korent, ke Pòl apre ke l te travèse kontre sou anwo yo nan . . . Efèz: li te jwenn kèk disip, (yo te disip Jezi)*

<sup>150</sup> Si w te jis remake premye chapit anvan la, yo t ap pase tèlman yon bon moman nan pwen ke yo t ap rele epi rejwi. Konbyen moun ki konnen ke se vre? Epi Akila ak Prisil t ap asiste reyinyon an. Epi yo te bat Pòl ak Silas, ak kout fwèt, epi yo te mete yo nan prizon. Èske se vre? Epi yo te rive la a, e yo te jwenn Akila ak Prisil. E yo te gen yon revèy anwo a la ak yon predikatè Batis, ki te rele Apolòs, ki t ap pwouve pa Lèzekriti ke “Jezi se Kris la.” Kounye a Pòl jwenn li:

...Pòl apre ke l te travèse kontre nan zòn anwo yo nan...Efèz:...te jwenn kèk disip,

*Li te di yo: Èske nou te resevwa Sentespri a apre lè ke n te fin kwè?...*

151 Bon, oumenm chè zanmi Batis, èske sa pa ebranle fondasyon yo—yo jouk anba teyoloji w la, lè w di ke w “te resevwa Sentespri a lè w te kwè.”

152 Men Pòl te vle mande Batis sa yo, “Èske w te resevwa Sentespri a *depi* w te kwè?” Kounye a obsève sa yo te di:

...*Epi yo te di l, Nou konnen...si genyen yon kèlkonk Sentespri.*

*Epi li di yo: Nan kisa... (bon, si nou vle pran leksik grèk la la a, li va montre nou, “Nan ki fason ou te batize?”)...Nan kisa...ou te batize? E yo te di l, Sou lobedians Jan la ba a. Jan te batize nou.*

153 Kounye a mwen vle mande: Si w te gen batèm sa, èske w t ap satisfè avè l? Menm nonm sa a ki te mennen Jezi nan rivyè a, pou l te batize Jezikri, menm nonm sa te batize moun sa yo. Sa se yon trè bon batèm: se pa t wouze, se pa t vide dlo, men se te plonje nan vye Jouden ak labou a menm kote Jezi te batize a. Panse a sa.

154 Pòl di, “Èske nou te resevwa Sentespri a *depi* nou te kwè?” Yo...li...

Yo reponn, “Nou konnen...si menm gen yon Sentespri kèlkonk.”

Li di, “Kouman nou te batize?”

Yo di, “Nou te batize.”

“Kouman nou te batize?”

“De batèm Jan an!”

155 Kounye a obsève sa Pòl te di. Gade la:

*Epi li te di yo, ...èske nou te bat-...De batèm Jan an...E yo...*

*Epi Pòl te di, an verite Jan te batize...ba-...pou repantans, pou di...moun yo, ...yo ta dwe kwè nan sila ki te vin apre li a, ki vle di, nan Jezikri.*

156 Ou wè, Jan te sèlman batize pou repantans, men batèm dlo a nan Non Jezi se pou padon peche yo. Ekspyasyon an pa t ko fèt lè sa, peche yo pa t ka padonnen. Kounye a...Sa te jis yon angajman ak konsyans, tankou sou lalwa. Lik 16:16, te di: “Lalwa ak pwofèt yo te la jiska Jan, depi lè sa Wayòm lan t ap anonse.” Kounye a gade. Epi...obsève.

*Epi Pòl te di de-...(kounye a obsève)...Èske nou te resevwa...*

157 Senkyèm lan—vèsè 5:

E lè yo te tandè sa, yo te batize (ankò) nan non . . .  
Jezikri.

158 Se vre? Alò moun sa yo, moun nan Ak 2 yo, te batize nan Non Jezi. Jwif yo te batize nan Non Jezi. Moun lòt nasyon yo te batize nan Non Jezi. E tout moun nan tout Bib la te batize nan Non Jezi.

159 Kounye a jwenn yon kote ke nenpòt lòt moun te janm batize nenpòt lòt fason, e m ap retounen drèt la epi montre w kote legliz Katolik admèt li, epi di ke ou koube devan sa. Epi te di, “Petèt gen kèk Pwotestan ki te sove paske yo gen kèk nan doktrin Katolik yo, tankou batèm nan non ‘Pè, Fis, ak Sentespri’; ke sen legliz Katolik gen dwa chanje karaktè solanèl Non Jezi a, pou ‘Pè, Fis, ak Sentespri,’ e legliz Pwotestan an admèt sa.” Sila a pa fè l, mwen rete ak Bib la. Mwen kwè Bib la.

160 Ou di, “Frè Branham, èske w komisyonè moun yo pou yo rebatize?” Absoliman! Pòl te fè sa, la a.

161 Kounye a obsève, ann pran Galat 1:8, pou jwenn sa Pòl te di:  
. . . *menm si nou menm, oswa yon zanj ki sot nan syèl la, preche nenpòt lòt levanjil ba nou . . . ke l modi.*

162 Men ni, “Si noumenm oswa yon anj.” E Pòl, menm moun lan, te òdone moun yo pou yo rebatize ankò ki te gen yon pi bon batèm ke sa w te genyen an, frè mwen; paske Jan Batis te Pwòp kouzen Jezi, kouzen jèmen; te batize pwòp kouzen li nan rivyè Jouden an, epi li te vire tounen la menm pou batize disip Jan yo. E Jezi te di, “Sa p ap mache!” oswa Pòl te di Sa, epi l te òdone yo pou yo rebatize ankò nan Non Jezikri anvan yo te ka resevwa Sentespri a; apre yo te fin rele fò epi bay Bondye lwanj epi pase yon bon moman, pou ap viv yon gran—gran revèy, epi pwouve pa Bib la (ak teyoloji pa yo) ke Jezi se te Kris la. Konbyen moun ki konnen ke se Lekriti? Chapit 18 la. Se sètènman sa. Men ni. Kidonk pa gen okenn kesyon sou Sa.

163 Kounye a kite m ba w yon ti apèsi. Bon, li pa t janm ekate l de òdonans lan, men nan Lik . . . Matye, chapit 16 la. Jezi, lè yo desann sot sou mòn lan, Li mande, “Kilès moun di ke Mwenmenm Fis de lòm lan ye?”

164 “Gen kèk ki di Ou se ‘Eli,’ e gen kèk ki di Ou se ‘pwofèt yo,’ e gen kèk ki di Ou se ‘sesi, sela.”

165 Li di, “Men noumenm Kilès nou di?”

166 Pyè te reponn, “Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.”

167 Obsève! “Ou beni, Simon Ba Jonas (pitit gason Jonas la), lachè ak san pa t janm revele w Sa a.” Amèn!

168 Ou wè, Sa dwe vini pa revelasyon espiritiyèl. Lachè ak san pa t janm di Abèl ke l te gen tò (Kayen, ke l te gen tò), sa pa t janm di Abèl ke “Kayen te gen tò.” Men Se yon revelasyon Abèl te genyen, “Se te san!” N ap antre nan kesyon sa a nan kèk minit. Se te san, pa fwi, ki te mennen nou soti nan jaden Edenn lan. “Se te san,”

e Abèl, pa revelasyon esprityèl, Bondye te revele l ke se te san, e limenm, “Pa lafwa,” Ebre 11:1 di, “li te ofri bay Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen. Ke, Bondye te aksepte sakrifis li a.” Men ni. Ou wè, li te ofri l pa lafwa, pa revelasyon.

<sup>169</sup> Kounye a obsève, “Lachè ak san pa t revele sa a a oumenm,” (tonbe dirèk sou Seyè Jezi) “men Papa M ki nan Syèl la te revele Sa a oumenm. E sou wòch sa (revelasyon Jezikri a) . . . Sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen, e pòt lanfè yo pa ka domine sou Li.” Se sa L te di. Esprityèl re- . . . “E Mwen di ke w se Pyè, e M ap ba w kle Wayòm lan. E kèlkeswa . . . Paske ou gen yon kanal esprityèl ki louveri ant isi a e Syèl la. Lachè ak san: ou pa janm al nan yon semèn, ou pa janm ale nan yon lekòl, ou pa janm pran yon—yon—yon kou teyoloji. Men ou te depann de Bondye, e Bondye te revele L ba ou, e se absoliman Ekriti egzak ki lye L ansanm. Mwen di ou se Pyè, se vre, e M ap ba w kle yo; e sa w lye sou tè a, M ap lye l nan Syèl la; sa w delye sou tè a, M ap delye l nan Syèl la.”

<sup>170</sup> E Pyè te pòtpawòl nan Jou Pannkot la, lè yo tout te pè pale, li te pale epi l te di, “Noumenm mou Jide yo e nou menm ki abite nan Jerizalèm, ke nou aprann sa epi koute Pawòl mwen. Moun sa yo pa sou jan nou sipoze a, paske sa se twazyèm èdtan nan jounen an, men se sa a ke pwofèt Jowèl te pale a. ‘Sa va rive nan dènye jou yo,’ Bondye te di, ‘Mwen va divide Lespri M sou tout chè. Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize. Epi sou sèvant Mwen, sèvitè a, Mwen va divide Lespri Mwen. E M va montre siy anwo nan syèl la ak anba sou tè a, ak kolòn lafimen ak vapè. Sa va rive anvan gran Jou terib Seyè a va vini, ke nenpòt moun ki va evoke Non Seyè a va sove.’” Men ni. O, la la.

<sup>171</sup> “Kite m pale an tout libète avèk nou de patriyach David,” li te di, “li te alafwa mouri epi antere, e kavo li avèk nou jouk jodi a. Sepandan, antanke pwofèt, li te wè. . . li te wè L davans sou bò dwat Li, ‘E Mwen p ap bouje. Anplis chè Mwen va repoze ak espwa paske Li p ap kite nanm Mwen nan lanfè, ni pa p pèmèt Sen W lan wè kòripsyon.’”

<sup>172</sup> “E David te alafwa mouri,” li te di, “e yo te antere l, e kavo li avèk nou jodi jodi a. Men antanke pwofèt, li te wè davans vini Sila ki Jis la, Ke Bondye te fè alafwa Seyè e Kris.” O, la la. Men Ekriti w yo. Men bagay la. Se sa.

<sup>173</sup> Kounye a nou jwenn la, alò, fason kòrèk la, ak fason reyèl la, e sèl fason ki te janm òdone a. . . E Pyè te gen kle yo, e jou l te preche a, yo te di. . . Kounye a obsève, men premye Legliz la. Noumenm Katolik yo koute Sa a. Noumenm Kanbelit yo koute Sa a. Noumenm Batis ak Metodis tande Sa a. E nou menm Pannkotis yo tande Sa a. Legliz de Dye, Nazareyen, Pèleren Sentete, tande Sa a.

<sup>174</sup> Pyè te gen kle yo, e li te gen otorite, osinon Jezi te bay manti. E li enposib pou L bay manti, “ak de bagay ki tabli djanm, li



enposib pou Bondye bay manti.” Li te gen kle yo. Jezi te ba l kle yo. Lè Li te resisite nan—nan twazyèm jou a konsa, Li te gen kle lanmò ak, lanfè, men se pa t kle Wayòm lan. Pyè te genyen yo! Se egzakteman sa.

<sup>175</sup> Kounye a gade byen, Pyè, ou gen kle yo pandye bò kote w, e w ap preche. Kesyon an vini, premye konvèti nouvo legliz la. Premye Legliz Kreyèn lan. Kounye a Katolik, kounye a Batis, Metodis, Presbiteryen, èske nou sou doktrin Nouvo Legliz la? Gade pou wè si w la.

. . . Mesye e frè m yo, kisa nou ka fè?

. . . *Pyè* te leve kanpe epi *li di*. . . *Repanti*, . . . *chak nan nou*. . . (atansyon, gason mwen; fason w ap dispoze kle sa yo la a, Kris ap tabli l nan Syèl la) . . . *Repanti*, chak nan nou, epi batize *nan non Jezikri*. . . (sa se jan nou antre nan Sa a) . . . *pou padon peche* nou yo, e nou *va resevwa don Sentespri a*.

<sup>176</sup> Kle yo te fè “klik” isi a, epi te fè “klik” Laba a. Se pou rezon sa a disp Jan yo te oblije vini pou yo rebatize, ankò, nan Non Jezikri (anvan yo te ka al nan Syèl), pou resevwa Sentespri a. Li te kenbe Pawòl Li. Kifè sa pa twouble w la, pa vre? Ou wè? Sètènman, Matye 28:19 se te tit, pa Non.

<sup>177</sup> Dakò, ki kantite tan an plis nou genyen? Èske nou ka gen kenz minit an plis pou reponn a plis kesyon vrèman rapid? Nou kapab? Dakò, n ap depeche nou prese prese. Mwen te gen de anba la a anba nèt, ke m te vle reponn byen vit, ki te gen rapò dirèk ak sa a, si m te kapab. Alò m ap ka reponn rès yo dimanch maten.

**57. Èske Kayen se te yon desandan sèpan an?** (Sa se youn ki bon tout bon.) **Si se sa, poukisa Èv pa t ansent toutotan Adan pa t annafè avè l?**

Menm bagay la. . . Pwochen kesyon an ale nan menm sans lan:

**58. Èske se te yon—yon pyebwa tout bon kote Èv te manje fwi a? Li te wè ke sa te bon pou manje.**

<sup>178</sup> Dakò, frè, sè, kèlkeswa moun li te ye a, ann retounen nan Jenèz pou jwenn yon bagay la. Ann ale nan Jenèz 3:8, si w vle. Dakò, epi koute vrèman byen kounye a.

<sup>179</sup> Kounye a mwen pral raple istwa a. Tout bagay te pwòp epi sen, pat gen okenn peche oswa okenn salte. Kounye a mwen pral pran. . . pa w. . . premye kesyon an dabò. Pyebwa a nan lavi. . . nan mitan jaden an, nan mitan pyebwa a. *Pyebwa* a se te “fanm lan.” Kounye a mwen pral pwouve w sa pa Lèzekriti si w jis pran pasyans pou kèk minit.

<sup>180</sup> Nou pral wè dabò si manzè te. . . si manzè te ansent anvan l te annafè ak Adan ou non, oswa anvan. . . Koute:

*E yo te tande vwa Seyè Bondye a ki t ap pwomennen nan jaden an, epi nan frechè jounen an: e Adan ak madanm li te al kache lwen prezans Seyè Bondye a nan mitan pyebwa jaden yo.*

*Epi Seyè a . . . te rele Adan, e te di . . . Kote w ye?*

*Epi li reponn, m te tande vwa w nan jaden an, e m te pè, paske m te toutouni; . . . (kounye a, li pa t konn sa jounen anvan an; gen yon bagay ki te rive, yon bagay te revele l ke l te toutouni) e mwen te al kache.*

*E l te di: Kiyès ki te di w ke w ou te toutouni? Èske w te manje nan pyebwa a, . . . ?*

<sup>181</sup> manje nan pyebwa a fè l reyalize ke l te toutouni? Jan m di souvan an, (sa se pa yon plezantri, mwen pa vle pase sa nan plezantri) “Men si manje pòm te fè fanm yo reyalize ke yo toutouni, nou ta fè mye ba yo pòm ankò.” Ou wè? Se pa t yon afè de toutouni. Se pa t yon pyebwa, yon pòm ke yo te manje, se te yon afè sèks. Obsève:

*. . . Èske w te manje nan pyebwa a, ke m te kòmande w pou pa t dwe manje a?*

*Epi nonm lan di, Fanm ou te ban mwen an, pou te avè m, li te ban mwen . . . nan pyebwa a, e mwen te manje.*

*Epi Seyè a . . . te di fanm lan, se Kisa w te fè a? Epi fanm lan di: Sèpan an te sedwi m, . . . (haa?) . . . Sèpan an te sedwi m, e m te manje. (byen lontan anvan l te vin ansent, ou wè, pou Adan)*

<sup>182</sup> Adan te annafè avè l, e li te vin ansent epi akouche—epi te fè Abèl.

<sup>183</sup> Men mwen vle mande w, jis apati de yon pwennvi mo pou mo. Kounye a pou pwouve nou ke manzè se te pyebwa a, chak fanm se yon pye fwi. Konbyen moun ki konn sa? Èske w pa fwi manman w? Sètènman, se sa w ye. “E nan mitan fwi a, oswa nan mitan pyebwa a, fwi ke l pa dwe touche a.”

<sup>184</sup> Si w remake, eske Jezi pa t Pyebwa Lavi a? Èske Li pa t pwomèt nan Sen Matye, oswa, Sen Jan, chapit 6 la, “Mwen se Pen Lavi a ki vin de Bondye nan Syèl la”?

<sup>185</sup> Si yon nonm nourri l de fanm lan . . . Epi gade, atravè nesans . . . pa fanm lan, nou tout ap mouri; paske nou ekspoze a lanmò (se pa vre?) atravè nesans fanm lan. Atravè nesans nonm lan, nou tout ap viv pou tout tan. Fanm lan se pyebwa lanmò, gason an se pyebwa lavi; paske fanm lan pa menm pwokire lavi nan li. Se egzaktèman sa. Jèm lavi a—a soti nan nonm lan, kòrèkteman. Li antre nan fanm lan, epi fanm lan pa lòt bagay ke yon enkitabè; epi ti bebe a pa konekte, ke sèlman pa kòd lonbrit la. Pa gen yon ti gout san manman an nan bebe a; li te fèt nan san manman an, men pa gen yon sèl ti gout nan ti bebe a. Al fè rechèch . . . oswa li liv doktè a, oswa mande doktè w, ou va wè. Pa

genyen, non, mesye, pa gen yon sèl gout sa ditou. Manzè se jis ze a, se tou. E lavi vin de nonm lan.

<sup>186</sup> Sa se yon bèl tip pou montre ke atravè fanm lan, atravè nesans natirèl la, nou tout dwe mouri, paske nou te mouri pou kòmansè; e se sèlman atravè Nonm lan Kris Jezi nou ka viv. E men de pyebwa yo nan jaden Edenn lan. Èske w pa ka wè sa?

<sup>187</sup> Epi gade! E nan jou sa a te gen yon Cheriben ki te plase pou siveye pyebwa sa a. Paske si yo te janm goute Pyebwa Lavi sa a, yo tout t ap viv pou tout tan. Konbyen moun ki konn sa? Yo tout ta viv pou tout tan. E premye fwa yo te ka goute l. . . Anj lan te di, “N ap siveye L.” E yo te mete Cheriben la a ak epe flanm dife sa yo nan direksyon lès pou veye sou Li. Yo te mennen L tounen nan Lès, epi yo te siveye Pyebwa sa ak epe flanm dife pou yo pa t ka antre pran Li (Pyebwa sa a).

<sup>188</sup> E lè Jezi te vini, Li te di, “Mwen se Pen Lavi a, ke yon nonm ki manje Pen sa a p ap janm mouri.” Men Pyebwa w la.

<sup>189</sup> Men fanm ou an, men zafè sèks ou a ki pote lanmò a. Jis osi sèten ke gen yon dezi seksyèl, gen lanmò ki vin avè l. E osi sèten ke gen yon nesans espiyityèl, gen Lavi Etènèl ki vin avè L. Lanmò vini atravè nesans pa yon fanm, e Lavi vini atravè nesans pa yon Gason. Amèn! Men ni.

<sup>190</sup> Kounye a ann retounen sou Kayen. Èske w ka di m ki kote lespri sa a ak mechanste sa a soti? Si Kayen . . . gade, si Kayen se te pitit gason Adan ki te yon pitit Bondye, ki kote mechanste sa a soti? Premye bagay lè l te fèt, li te rayi, li te yon asasen, li te jalou. Epi la li te pran nati papa l, depi nan kòmansman, Lisifè, e li te nan kòmansman . . . li te jalou Mikayèl, se sa ki te kòmansè tout pwoblèm lan. Konbyen moun ki konn sa? E Kayen te pran nati papa l, ki te jalou de frè l epi li te touye l. Nati . . . nati sa a pa t ka soti nan liye pi sa a. Li te vin . . . li te dwe soti nan liye pèvèti sa a. Epi remake Kayen, osito li te fèt.

<sup>191</sup> E apres a Abèl te fèt apre l, lè sa manzè te vin ansent pou Adan, e li te annafè—te annafè avè l epi manzè te fè Abèl pitit gason an. E Abèl te yon tip Kris; epi lè—lè yo te touye Abèl, Sèt te pran plas li; se lanmò, antèman, ak rezirèksyon Kris, an tip.

<sup>192</sup> Men, kounye a, Kayen t ap adore; tout zèv chanèl li yo, jis tankou legliz chanèl la jodi a: yo al legliz, yo adore. Kayen te adore; li pa t yon enfidèl, li pa t yon kominis. Kayen te yon kwayan; li t al kot Bondye, li te bati yon lotèl. Li te fè tout bagay relijye ke Abèl te fè yo, men li pa t gen revelasyon espiyityèl volonte Bondye. Ke Non Seyè a beni! Men ni. Èske w wè L? Li pa t gen revelasyon espiyityèl la, e se sa k pwoblèm legliz la jodi a. E Jezi te di Li t ap bati Legliz Li sou revelasyon espiyityèl sa. Eske w sezi L? Oo, la la, je w ka louvri kounye a. Ou wè, revelasyon espiyityèl la.

<sup>193</sup> Kayen vini: li te bati yon lotèl, li te adore, li te pote sakrifis li, li te mete ajenou, li te louwe Bondye, li te adore Bondye, li te

fè tout bagay relijye ke Abèl te fè. E Bondye te refize l kareman paske li pa t gen revelasyon esprityèl la!

<sup>194</sup> Swiv menm liye Kayen sa: desann dwat jouk nan lach la, soti nan lach la monte drèt jouk nan Izrayèl, depi Izrayèl rive drèt sou Jezi, e depi Jezi drèt jouk jounen sa a; epi wè si legliz chanèl, fondamantal sa, rijid epi rèd, entèlektyèl, Mwen vle di moun ki konn Lèzekriti, ki konn tout doktrin ak teyoloji, yo ka eksplike l, gason mwen, san pèdi *tan*, men san revelasyon esprityèl! [Frè Branham te klake dwèt li—Editè a.] Se vre. Sa a se doktrin Kayen an.

<sup>195</sup> Bib la di: “Malè a yomenm! ’paske yo te swiv doktrin Kayen an, yo te kouri al nan erè Balaam yo, e yo te peri nan revòl Kore a.” Menm Liv la, Jid, li te di, “Yo te predestine pou kondanasyon sa.” Sètènman, se pou sa. Ou wè? Kisa Balaam te ye? Li te yon evèk. Li te nan tèt legliz la. Li te vin la jis osi fondamantal ke l te kapab. Li te ofri. . . Gade li ki te kanpe la nan pòtrè gwo zafè a, te kanpe la nan pòtrè gwo zafè a. E yo pa t dè enfidèl, yo te dè kwayan.

<sup>196</sup> Tribi Moab sa—sa te soti nan pitit fi Lòt la. Lòt ki te viv. . . Pitit fi Lòt la ki te viv ak papa l, e ki te vin ansent e ki te fè yon timoun, e timoun sa te. . . te soti nan tribi Moab la. E yo te yon gran denominasyon. Remakab, yon pèp k ap fleri, e yo te gen prens ak wa ak diyète. Yo te gen evèk ak kardinal ak tout bagay.

<sup>197</sup> Epi men yon pakèt moun k ap manifeste nan lespri, lòt gwoup la, Izrayèl; yon vyek ti gwoup ki pa t nan zafè denominasyon, ki te entèdenominasyonèl. E yo te fè tout sa w te ka fè sou kat jeyografi a, sa k pa bon tou. Men kisa sa te ye, yo te gen revelasyon esprityèl la, e Bondye te avèk yo nan yon Kolòn Dife.

<sup>198</sup> O, mwen—mwen konnen yo te gen bagay chanèl, e moun yo te di, “yon tèt bann aryere konsa, pa gen anyen pou fè ke choute yo deyò.” Men yo te gen revelasyon esprityèl la, e yo te gen yon Woche frape, yo te gen yon sèpan an kwiv, yo te gen yon Kolòn Dife ki t ap mache avèk yo. Alelouya! Mwen konnen ou—ou panse ke m eksite, men mwen pa eksite. Mwen jis santi m byen.

<sup>199</sup> Remake! Lè mpanse: “Menm Bondye sa a, jodi a, ap viv avèk nou.” Se toujou revelasyon esprityèl Pawòl la. Sètènman, se sa. Se vre pou Letènite. Ke Non Seyè a beni! Wi, mesye.

<sup>200</sup> Men li ki te kanpe la, fondamantalis la; pakèt bann Batis ak Presbiteryen sa yo te kanpe sou ti mòn lan, e yo te gen evèk yo deyò a la. E yo te relijye menm jan an, ak menm kalite relijyon an, yo t ap adore menm Bondye a. Yo te di, “Gade anba la pakèt bann fatra sa yo. Enben, yo pa menm gen yon denominasyon. Yo pa anyen lòt ke yon pakèt moun k ap jakase, k ap griyonnen, k ap manifeste annespri.”

<sup>201</sup> Èske se vre? Egzakteman, yo te sa. Si w pa kwè ke yo te moun k ap manifeste an espri, retounen nan Jenèz pou wè kilè yo te kwaze. Epi yon mirak te fèt, e Miryam te pran yon tanbouren epi

li te desann bò plaj la, pou ap bat li; ap danse an Espri, e Moyiz te chante an Espri. Si sa se pa yon bann sa nou te rele moun lib. . . moun k ap manifeste an espri, mwen pa konn kisa sa ye; ap chante epi ap sote epi ap louwe. E pandan tout nasyon te rayi yo, men Bondye te avèk yo. Yo te gen revelasyon espiritiyèl, yo t ap swiv Kolòn Dife sa.

202 Epi Moab di, “Kounye a, gade la. Nou pral rele tout kadinal ak tout evèk yo, epi tout presbitè yo, pou fè yo soti la. Nou pral fè yon bagay konsènan sa, paske nou se yon nasyon relijye. Nou p ap kite pwopagann sa vin melanje ak bèl denominasyon nou an.”

203 E konsa yo te fè yo soti la. Epi yo te bati douz lotèl; se jis egzaktèman sa Izrayèl te genyen, douz lotèl. Yo te mete douz sakrifis sou yo, towò; jis egzaktèman sa Izrayèl te genyen, sa Bondye te egzije. Yo te mete douz mouton sou yo, ki reprezante vini Seyè Jezikri a; douz mouton nan toude plas yo.

204 Tout zotobre, evèk yo ak tout moun, te kanpe toutotou. Yo te met dife sou sakrifis la. Yo te priye, yo te leve men yo bay Jewova pou di, “Jewova, tande nou!” Kisa yo t ap eseye fè? Epi vye Balaam yo a te avanse konsa, e Lespri te desann sou li. Sèten (men li te chanèl).

205 Lespri ka tonbe sou yon ipokrit, Bib la di l. Nou te tande m anseye sa, kounye a. “Lapli a tonbe sou jis ak enjis la.” Men li dwe konpare ak Pawòl la, se la ke w jwenn sa.

206 Alò kan l te fè sa, e. . . lè Lespri, menm si, sou li te di Laverite, li te eseye modi Izrayèl, men li te beni Izrayèl.

207 Kounye a, si Bondye jis respekte yon bon legliz, ak yon evèk de byen, ak yon pastè ekstròdinè, yon pakèt moun entèlektiyèl, Li te oblije aksepte sakrifis sa, paske li te jis fondamantalman gen rezon menm jan Izrayèl te gen rezon; men li pa t gen revelasyon espiritiyèl Pawòl la ak volonte Bondye. Men ni, se diferans lan jodi a.

208 Lè yo gade Jezi. Yo te di, “Ale lwen avèk nonm sa. Nou konnen li se yon Samariten. Li fou. Èske w vle anseye nou? Ebyen, ou te fèt nan adiltè. Ou pa t anyen lòt ke yon timoun ilejitim pou kòmanse. Kimoun ki papa w? Ou di ke Bondye se papa w, espès de blasfematè! Enben, ou vle bannou leson? Noumenm ki se predikatè, noumenm ki se evèk; atravè aryè-aryè-aryè-aryè-aryè-aryè-aryè-granpapa nou ki te predikatè ak evèk. Nou te fèt epi grandi nan legliz. Nou te pase pa semènè ki gen plis renome yo. Nou konn chak Pawòl la alalèt. E w ap eseye anseye nou? Ki kote w te janm al lekòl? Ki kote w te fè aprantisaj sa a?”

209 Li te di: “Ou vin de. . . papa w dyab la,” Jezi te di.

210 Yo pa t gen okenn siy ak mirak nan mitan yo. Yo pa t gen gerizon Divin ak lòt bagay nan mitan yo. Yo pa t gen okenn

benediksiyon nan mitan yo. Men Jezi te absoliman yon revelasyon espirityèl Ekriti yo.

211 Yo te di: “Ebyen, li ekri *tèl e tèl* bagay.”

212 Epi Jezi di, “Wi, e li ekri tou.” Men Bondye konfime Nonm Li an ak siy li yo.

213 Pyè di menm bagay la, nan Ak 2, li te di, “Noumenm moun Izrayèl yo; Jezi Nazarèt la, yon Nonm ke Bondye te apwouve nan mitan nou, ak siy ak mirak ke Bondye te fè pa Limenm nan mitan nou, e ke nou tout nou konnen.” (men ni) “Limenm ki te livre pa . . . selon pre- . . . pa gran Konsèy Sannedren anwo la. Men pa prekonèsans Bondye, Bondye te òdone L davans pou mouri ak lanmò sa a. Nou te livre L ak men kriyèl e mechan. Nou te krisifye Prens Lavi a, Ke Bondye te resisite. E nou temwen de sa.”

214 Fiouw, ala yon predikatè! Pa vre . . . li pavt ka menm siyen pwòp non l, men li te konn Bondye. Yo di ke yo “te rekonèt li paske l te avèk Jezi.” Sètènman, se yon revelasyon espirityèl. O, la la. Kounye a, men ni.

215 Kayen te jis nan liye sa, legliz chanèl sa nan menm liye a jodi a. Legliz espirityèl la toujou gen Kolòn Dife a, toujou gen siy, mèvèy yo, toujou gen menm Kris la; ki konfime nèt ale depi Ayo ki te mouri a, nan jaden Edenn lan, jouk dezyèm Vini Ayo a. Absoliman, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

216 Epi liye Kayen sa, relijye epi byen elve epi moun save, desann ale nèt se menm bagay; jis menm gagay, chak jou jis menm jan an. Moun k ap kritike ka p pèsekite, tankou Kayen te ye pou Abèl, se konsa yo ye jodi a, e yo te konsa epi y ap toujou konsa; chanèl, enkwayan. Se vre.

217 Kounye a Jenèz 3:8, epitou mwen mete vèsè 20 an la, mwen t ap gade l sa fè yon moman:

*Epi Adan te rele . . . E Adan te rele madanm li . . . Èv; paske li te manman tout vivan yo. (ou wè, se te apre ke sediksiyon sa a te fin fèt)*

218 Kayen te . . . “Kounye a tann!” Ou di: “Kijan yon koulèv, yon sèpan ta ka fè l?”

219 Men, frè, obsève la, Bib la pa di li te yon sèpan; Bib la di, “Li te pi sibtil pami tout bèt nan chan an.” Li pa t yon reptil, li te yon bèt. Li te yon . . . E la a . . .

220 E kite m jis ban nou sa kòm yon ti siy antre noumenm, si nou vle. Se la a tout lasyans melanje nèt. Bagay ki pi pwòch yo ka jwenn de yon nonm, se yon chenpanze. Konbyen moun ki konn sa? Men gen yon bagay nan mitan an la. Yo pa ka fè zo chenpanze yo koresponn ak zo lòm lan, poutan se bagay ki pi pwòch la. Yo ka swiv evolisyon l apati de yon ti bebe grenouy. Yo ka swiv li apati de yon teta. Yo ka monte avè l jiska yon kreyati animal epi chak bèt. Yo ka mennen l jiska lous. Pran yon lous epi retire po sou li, se jis tankou yon tifi. Jis menm bagay. Pran l pa do ak

tout bagay konsa, mete yo kanpe la a, epi monte epi plase fanm lan tankou. . . met fanm lan kanpe konsa. Se jis menm jan ak yon—tankou yon—tankou yon lous. Pye a deplase menm jan an, e men l yo soti konsa, jis tankou yon èt imen. Men yon chenpanze rapwoche plis ke sa. Se prèske sa, men yo pa ka jwenn li.

221 Men yon ti sekrè, si w vle konnen l. Ou konn ki kote sa ye? Li kache pou yo. Yo ka fouye tout zo ke yo vle. Yo ka fouye. . . Eskiltè yo ka fouye, epi lasyans, epi—epi kronolojis la ka mezire echèl tan an ak mezi atomik, men yo p ap janm sezi l. Paske se te sèpan an ki te plis tankou yon moun pase nenpòt lòt bagay ki te gen sou tè a, e Bondye te modi l epi te mete l sou vant li, e li te tounen yon koulèv san ankenn resanblans avèk moun. Kounye a jis grate tèt nou, savan sa yo, epi kite yo pran sa pou yon ti moman.

222 Men Bib la deklare ke, “Li te pi sibtil pami tout bèt nan chan an.” Se vre. Li te mayon sa ki te plase ant lòm e makak la, e Bondye te modi l epi te mete l plat sou vant li poutèt—pou bagay li te fè a. Li te sedui fanm sa a, e li te fè premye pitit li a ki te Kayen, dapre nati pwòp enspirasyon sèpan an, dyab la, ki te antre nan sèpan an, ki te fè sa.

223 Epi li vin ansent epi akouche, li vin ansent ankò apre l te fin sedui. Kounye a gade, manzè te sedui, li te prèske. . . Ebyen, li te fè sa k mal. Men li, mo pou mo, sa te lejitim lè l te vin ansent pou mari l, paske sa te ka fèt anpil, anpil fwa apre, anpil mwa ak anpil jou apre; ou pa ka pale de sa, nou pa konnen, men li te fè yon pitit pou Adan.

224 Epi yon moun te menm poze kesyon an, pou di, “Ebyen, pitit gason an. . . li te di ke manzè ta pral. . . Pandan Kayen te fèt, manzè te di ‘m te gen yon pitit gason ki vin de Seyè a.’” Absoliman, sètènman, li te dwe fèt. Se te lwa lanati. Se jis egzaktman fason w ye jodi a. Lè w te fèt, Bondye pa t jis desann pou fè w. Ou se yon desandan papa w ak manman w. Epi ou va yon. . . va gen yon. . . pitit ou yo ki va desandan w. Se yon repwodiksyon tout tan, k ap kontinye, tankou semans pyebwa ak bagay konsa; men ki retounen nan orijinal la. Mwen espere ke sa eksplike l.

225 Konbyen tan nou genyen? Pa gen anyen ankò. Koute sèl bon grenn sa a pou pwochen. . . ke n ap gen dimanch lan: “Pa yon sèl Lespri nou tout te batize nan yon sèl Kò. . .” (Nou ta renmen konn sa.) “. . . Kris.” Nan moman. . . Kounye a, mwen kwè m ranmase kèk Ekriti, Ekriti solid sou sa [Frè Branham reponn sa a nan Pati II, kesyon 60—Editè a.].

226 Men youn ki bon, jis tankou. . . Èske w ka sipòte m jis yon minit ou de an plis, pou reponn sa a? Li ka reponn pou tèt pa l.

59. **Lè—lè w di “mechan an p ap boule Etènèlman,” . . .** (Ebyen, la mwen lage Temwen Jewova lan kouri, pa vre?) . . . **Lè w di mekan an p ap boule Etènèlman, èske w vle di nan lanfè**

**oswa nan letan dife a? Mwen konnen li di nan Apokalips** (sa se chapit 20 an) **ke yo pral jete lanfè nan letan dife a. Si yo p ap boule Etènèlman, alò kisa yo pral devni?**

227 Jis jan m fèk sot di a, frè swa sè, kèlkeswa moun li te ye a; yo te disparèt, p ap gen anyen ankò pou yo. Yo te gen yon kòmansman, e se la a yo fini; yo jis pa anyen ankò. Konbyen sa ap . . . konbyen tan yo pral boule, sa jis difisil pou di. Men, gade, la a . . .

228 Si w ka jis rantre sa nan lespri w, ou wè, li trè senp. Gen yon sèl tip Lavi Etènèl, e sa vini atravè Bondye Limenm. E se Bondye sèl ki Lavi Etènèl. Si w jis al la nan leksik la, gade mo grèk *Zoe* a. *Zoe* se “Lavi Etènèl.” *Lavi Etènèl* se “Bondye.” E Jezi di: “Mwen ba yo Lavi Etènèl.” E si w ap gade nan leksik la la a, li di: “*Zoe*.” Sa se sèl Lavi Etènèl ki genyen. Pa gen ankenn plas nan Bib la kote Li janm di pral gen yon lanfè Etènèl, li di yo pral boule “pou tout tan e tout tan.”

229 Kounye a, pou w konprann mo *pou tout tan an*, gade, *yon an*. Èske w te remake *la a*, nan Bib la? Konbyen moun ki janm tande yo di sa, “Ay yon epi ey . . .”? Konbyen moun ki konnen ke *yon* se “yon espas nan tan an”? Enben, sèten, nenpòt moun konnen ke *yon* se “yon espas nan tan an.”

230 “E yo va boule pandan dè yon,” sa se espas tan an. “Jete nan letan dife a, pou al boule pandan dè yon.” *Yon* vle di “espas tan an.” Yo ka boule pandan yon santèn milyon lane nan chatiman men, finalman, yo dwe rive a on fen; pou yo disparèt, tout ansanm. Ou wè, paske tout bagay ki pa pafè se pèvèsyon ki sot nan sa ki Pafè a; e li te gen yon kòmansman, kifè li dwe gen on fen.

231 Men noumenm ki kwè nan Seyè Jezikri a nou gen *Zoe*, “Pwòp Lavi Bondye” nan nou, e nou gen Lavi Etènèl. Pa lavi pou tout tan e pou tout tan, pechè a gen lavi pou tout tan e pou tout tan, men noumenm nou gen “Lavi Etènèl.”

232 Frè Cox, sa pa fè lontan, te nan antre lakay la anvan ke n te mete . . . apre nou te mete wòch yo la, epi li te ranmase yon ti, ansyen fosil, e li te di, “Frè Branham, ki laj sa a genyen?”

233 “O,” mwen te di, “sou plan kwonoloji, ou ka di li gen dimil an. On jan de vyek ti, mons lanmè ki te viv nan yon epòk, yon ti bèt lanmè, ki te ka viv byen lontan nan laj pase yo.”

234 Li di, “Jis panse kijan lavi imen kout konpare a lavi *sa a*.”

235 Mwen te reponn, “O, men, frè, bagay sa a gen yon fen, men Lavi ke nou genyen nan Kris la pa gen fen. Sa ka viv de oswa twa fwa *pou tout tan*, men li p ap janm gen Lavi Etènèl, paske Lavi Etènèl vin de Bondye sèlman.”

236 Etènèl, “Sila ki tande Pawòl Mwen e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl epi li p ap JANM vin nan jijman men li pase de lanmò a Lavi.” Men ni, ou gen Lavi Etènèl lè w se yon



kwayan. Yon enkwayan gen lavi pou tout tan. Yon Etènèl. . . yon kwayan gen Lavi Etènèl, e li pa ka peri paske Sa Etènèl.

237 Men yon kwayan, li va pati. . . Yon enkwayan va travèse mond lan, li va gen mizè, malè; sa l rele pase yon bon moman, “wololoy, m ap pase yon bon moman.” Fanm, diven, ak bon moman, li panse l ap kontinye. L ap mouri, l ap antre nan yon letan dife ak souf k ap boule, kote boule a ap kontinye pou tout tan e pou tout tan, e petèt pandan san milyon lane nanm li ka toumante nan yon letan dife ak souf.

238 Mwen. . . Ou di, “Èske sa ap jis tankou souf regilye?” Mwen kwè li ap yon milyon fwa pi mal ke sa. Mwen kwè ke w pa t ka dekri l ak dife, ak yon dife literal. Sèl rezon ki fè yo endike “ak dife,” se paske dife se bagay ki pi boule ke n genyen. L ap absoliman devore epi detwi tout bagay, dife fè sa. Bon, answit, l ap anndan an la, men w ap gen yon nanm k ap gen pou pini atravè yon jan de. . .

239 Kounye a, ou dwe obsève mo *dife* a, paske Sentespri a te itilize “Sentespri a epi dife”; paske dife Sentespri a boule peche, ou wè, epi netwaye.

240 Men dife *sa a*, li soti nan lanfè, li di yon “letan dife.” E kèlkeswa sa l ye a, se yon pinisyon ak touman. Nonm rich la te leve je l anlè, li te nan lanfè, epi l di, “Voye Laza ak yon ti dlo sou dwèt li, pou mete sou bouch mwen, paske flanm dife sa ap toumante m.” Piga w panse ke pa gen yon lanfè k ap boule, epi yon lanfè literal, genyen. Si gen yon dyab literal, gen yon lanfè literal.

241 Men, ou wè, tout bagay ki pèvèti gen yon fen pou li, paske finalman li dwe retounen nan pwòpte ak sentete Bondye a. E Bondye Etènèl; e si nou gen Lavi Etènèl, Bondye nan nou, e nou pa ka plis mouri ke Bondye ka mouri. Men ni.

242 Kounye a, tèks la vrèman eksplike tèt Li, ou wè, epi rann li kòrèk. Kounye a, annou wè, mwen te gen yon. . . Mwen pa konnen si. . . Wi:

**“Kisa k pral—kisa yo pral devni?”**

243 Yo te disparèt, pa gen anyen lòt pou yo: nanm lan ale, lespri a ale, lavi ale, kò a ale, panse yo ale, memwa a ale.

244 Epi p ap menm gen panse sou sa k mal ankò, oswa sa jamè, p ap janm rive, nan Laglwa. Se vre, tout sa ap. . . Èske w ka imajine, ke pral gen moun bò isi a nan pati sa a. . . ?

245 Èske Bib la pa di: “Menm panse mechan va peri”? Panse yo menm de sa ap peri.

246 Va gen yon nonm bò *isi a*, men Bondye Sila ki Gran Sen an *la a*, epi konsyan ke laba a se yon twou ak nanm k ap boule ladan l? Enben, sa pa ta ka Syèl la. Menm panse, menm souvni, tout bagay ki pèvèti, tout move panse, tout bagay ap peri, ak tout sa ki mal ladan l. E nou pa p lòt bagay ke sentete, ak *Zoe*, Lavi Bondye;

pou Letènite, epi pandan dèzaj k ap dewoule, ap kontinye, ap kontinye, ap kontinye, epi kontinye; Sa p ap janm fini, Etènèl!

<sup>247</sup> “Yo te ale nan pinisyon *pou tout tan*, men moun jis yo t al nan Lavi Etènèl.” Ou konprann li? Pinisyon *pou tout tan*, Lavi Etènèl, ala yon diferans!

<sup>248</sup> Kounye a, ou wè, sa pa . . . Kounye a, mwen konnen, pou noumenm, ti jèn cheri m yo, Mwen—mwen pa vle ap eseye prezante tèt mwen kòm yon moun ki konn tout bagay. Si m fè sa, . . .

<sup>249</sup> Kounye a, mwen gen twa oswa kat lòt bon kesyon. M ap pran yo dimanch maten, si Seyè a vle.

<sup>250</sup> Kounye a, gade. Ou wè, sa souleve kesyon. Mwen se yon ansyen predikatè. Mwen—mwen—mwen—mwen gen vennsis lane nan ministè a. E mwen—mwen trè rekonesan pou sa, paske mwen ka di sa, mwen . . . Mwen pa janm eseye prezante anyen nan vi m san sa pa t revele dabò. E mwen si tèlman gen rekonesans ke Zanj Seyè a . . . Ke m pa t gen okenn edikasyon, okenn konpetans. Epi Zanj sa a te desann, e se te èd mwen ke Bondye te voye. E Li pa janm di m yon sèl bagay ke sa ki te absoliman koresponn depi Jenèz jouk nan Apokalips, jiskaske . . . M te ekri byen vit lè L te di “E ou—e ou va gen yon don gerizon Divin.” E m te ekri l jis fason Li te di sa.

<sup>251</sup> Epi apeprè twazan apre, manadjè a te atire atansyon m—mwen sou sa, li te di: “Frè Branham, èske w te remake sa? Sa tèlman pafè jouk Li te di w ‘yon don.’”

<sup>252</sup> Ou wè, sa pa t janm di “don an.” E chak—chak moun nan Bib la . . . chak don se “don an” men gerizon Divin, se “yon don.” Se “don gerizon yo.” Ou ka gen tout kalite don gerizon, diferant fason. Men, tout lòt yo se “don an”: don pwofesi “a”, don *sesi* “a”. Men gerizon Divin o pliryèl: “don yo.” E m pa t janm remake sa, ke Sentespri a sitèlman pafè. O o, ke Seyè a beni!

<sup>253</sup> Èske w konprann ke menm Sentespri ki te ekri Bib sa, pa plizyè santèn moun, plizyè santèn lane dentèval . . . e pa youn nan yo te devye youn de lòt, yo chak te konplè; e youn pa t janm menm tandè pale de lòt la.

<sup>254</sup> E Pòl te desann, e li te desann an Arabi, e li pat janm vizite Jerizalèm pandan katòzan, men li te desann nan Jerizalèm epi anba a . . . te ale . . . pa t janm al Jerizalèm. Men anba a an Arabi, e l te kòmanse ap preche, pa t janm menm wè Pyè ak rès lòt yo pandan katòzan. E lè yo te reyini ansanm, yo t ap preche menm bagay la: batèm dlo nan Non Jezikri, ak gerizon Divin, ak pwisans Bondye.

O o!

Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, m se youn nan yo,

Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, m se youn nan yo,  
Jis tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

Gen moun prèske tout kote,  
Ke kè yo tou limen ak dife,  
Avèk Dife sa ki te tonbe jou Pannkot la,  
Sa te pirifye epi te rann yo pwòp;  
O o, L ap boule kounye a nan kè mwen,  
O o, glwa pou Non Li!

Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Yo te rasanble nan chanm wot la,  
Tout moun ap priye nan Non Li,  
Yo te batize ak Sentespri a,  
Epi pwisans pou sèvis te vini;  
Kounye a sa ke L te fè pou yo jou sa a  
L ap fè menm bagay la pou ou,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

M se youn nan yo, m se youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

255 Tande, m gen yon ti mesaj pou ou:

Vini, frè m, chache benediksyon sa a  
Ki va netwaye kè w de peche,  
Sa va fè klòch lajwa yo kòmanse sonnen  
E li va kenbe nanm ou limen ak dife;  
O, l ap boule kounye a nan kè m,  
O o, glwa pou non Li,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

256 Èske w pa kontan ou se youn nan yo? Kisa sa ye? Se Lespri  
k ap revele. Se yon revelasyon Bondye, “Sou wòch sa.” M pa  
bezwen konnen si yon achèvek. . .

257 Prèt Katolik la te chita, sa pa fè lontan, lakay mwen. E li te  
di: “Mesye. Branham, mwen vini pou poze w yon kesyon.”

Mwen te reponn, “Dakò, mesye.”

258 Li te di, “Mwen gen yon lèt evèk la la a, pou ou.”

Mwen te di, “Dakò, mesye.”

259 Li te di, “Deklarasyon ke w fè yo, èske w ap leve men w pou  
sèmante solanèlman ke w pral di laverite?”

260 Mwen te di, “M p ap fè sa.” Mwen te di: “Bib la di, ‘Pa sèman te ditou, pa syèl la oswa pa tè a (paske se mach pye Li). Ke pawòl ou yo ka wi e non.’ Si evèk la vle tandè sa m gen pou m di, li va pran pawòl mwen pou sa. Si l pa vle, mwen p ap fè sèman.”

261 Ti prèt sa a isi a nan legliz Sakre Kè a, li te di, “Èske w te batize Pauline Frazier *tèl e tèl* dat?”

262 Mwen di, “Mwen te fè sa, mesye, anba a nan Rivyè Ohio a.”

263 Li di, “Kijan w te batize l?”

264 Mwen di, “M te batize l ap plonje anba dlo nan Non Seyè Jezikri.”

265 Li te pran nòt. Li te di, “Ou konnen, legliz Katolik te konn batize konsa.”

Mwen di, “Kilè?”

Li di, “Nan laj pase anvan yo.”

Mwen di, “Ki laj pase anvan?”

Li di, “Ebyen, nan kòmansman an.”

Mwen di, “Ki kòmansman?”

Li di, “Nan Bib la.”

Mwen di, “Èske w vle di kòmans- . . . nan—nan tan disip yo?”

Li di, “Sèten.”

Mwen di, “Èske nou rele Katolik yo, oswa, yo—yo . . . ? Ou di disip yo te Katolik?”

Li di, “Sèten, yo te sa.”

Mwen di, “M te panse legliz Katolik pa t chanje?”

Li di, “Li pa chanje.”

266 Mwen di, “Alò poukisa Pyè te di, ‘Repanti, epi batize nan Non Jezikri’? E ou di se te . . . ke li te yon pap?”

267 “Ya.”

268 “Alò poukisa nou batize nan non ‘Pè, Fis e Sentespri’? E li te plonje, epi oumenm ou awoze. Kounye a kisa k te rive?”

269 Li di, “Men, ou wè,” li di, “legliz Katolik gen pouvwa pou fè nenpòt sa yo vle.” Anhan.

270 Mwen di, “E nou te rele disip yo Katolik?”

271 Li di: “Wi.”

272 Mwen te di, “Mesye, mwen gen Josephus, mwen gen *Liv Foze sou Matirize yo*, Mwen gen liv Pember sou *Premye Aj yo*, mwen gen liv Hislop sou *De Babilòn yo*, istwa ki pi ansyen ki genyen nan mond lan, montre m la a kote legliz Katolik te janm òdone oswa te janm antre nan yon òganizasyon . . . sisan lane apre lanmò dènye apot la.”

“Oo,” li di, “nou kwè sa legliz di.”

Mwen di, “Mwen kwè sa Bib la di.” Ou wè?

“Enben,” li di, “Bondye nan legliz Li.”

273 Mwen di, “Bondye nan Pawòl Li.” Epi mwen di, “Si . . .” Li di . . . Mwen di, “Bib la pa di Bondye nan legliz Li, men Bib la di Bondye nan Pawòl Li. ‘Nan kòmansman an Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye; epi te rete pami nou.’” Se vre. Mwen di, “Bondye nan Pawòl Li.”

274 Li te ale epi l te di sa. Li te di: “Ebyen, nou pa ka fè diskisyon,” li di, “paske ou kwè nan Bib la, mwen kwè nan legliz la.”

275 Mwen di, “Mwen kwè ke Bib la se Pawòl Bondye ki enspire e pa gen yon sèl kontradiksyon Ladann. E Se Pawòl Bondye a, plan Etènèl Li pou tout aj k ap vini yo. Li di, ‘Syèl la ak tè a ap pase men Pawòl Mwen p ap pase.’ Se vre. Mwen kwè Pawòl la.”

276 Li te soti al jwenn Madan. Frazier. Li di, “Madan. Frazier, èske w vle siyen yon papye isi a kòm konsantman pou pitit fi w la ka vin yon manm legliz Katolik?”

277 Manzè te di, “M ta pito mache mennen l nan kavo a.”

278 Li di, “Ou pa Wont.” Li di, “Ou ta dwe gen rekonesans paske ti fi sa a soti nan istwa san sans sa a, pou vin nan legliz Katolik.”

279 Manzè te di, “E si se te jenn fi w la ki ta vin nan legliz mwen an, kisa w t ap di de sa?”

280 “Oo,” li di, “sa diferan.”

281 Li di, “Non, sa p ap fèt.” Li te konnen li te fè yon bout chemen lè l te kite ti dam sa laba. Li te konnen li te fè yon bout chemen. Manzè te di, “Kounye a, menm pòt kote w te antre a louvri.”

282 Ou wè, se fason sa a. Pa kite yo mache sou pye w, ou pa bezwen kite yo mache sou pye w. Si Bondye pou ou, kimoun ki ka kont ou? Se vre! Pwoblèm lan jodi a sè ke, ou gen yon zo poul olye de yon kolòn vètebral. Pran pozisyon pou Bondye ak sa k dwat!

283 Menm Sentespri ki te desann sou apot sa yo epi lontan nan aj pase yo, toujou nan Legliz Li jodi a, sila yo ke Bondye revele Tèt li ba yo. “Pa sila ki vle a, oswa sila ki ap kouri a, men Bondye ki demontre mizèrikòd.” Se Bondye, pa eleksyon pa L, ki mennen moun yo pou louvri je yo. Ou te ka pa janm wè L, ou avèg, e pa t ka wè amwenske Bondye louvri konpreyansyon w. Bib la di ou avèg, e ou pa ka wè. Pa gen ankenn nesosite pou w ap eseye. Ak tout edikasyon, bous detid ou te ka jwenn, ou jis toujou ap vin pi avèg.

284 Kounye a, noumenm Legliz de Kris, nou “pale kote Bib la pale, epi fè silans kote li fè silans,” sa k pase ak kèk bagay Sa yo? Ou fè totalman silans sou Sa. Se vre.

285 Ou wè, sa pran Verite espiyèl ki revele. Alò Bondye desann pou revele Tèt Li epi konfime Sa antanke Verite. Amèn! Ou renmen Li? Mwen menm tou. Amèn.

286 Dakò, nou tout Metodis yo ki vle bay Batis yo lanmen kounye a? Noumenm Presbiteryen yo?

287 “Kounye a,” ou di, “Frè Branham, èske w pran distans ou ak Batis ak Presbiteryen ki pa bat- . . . ?”

288 Non, mesye, mwen pa fè sa. Mwen konsidere yo tankou frè m. Absoliman! M pa bezwen konnen si w pa t batize ditou, si w te batize nan non “Woz Sawon, Lis nan Vale a, ak Zetwal Maten an,” sa pa t ap gen . . . sa t ap jis osi bon ke “Pè, Fis, Sentespri.” Jis twa tit. Li te Woz Sawon an. Pa vre? Lis nan Vale a, Zetwal Maten an, tout sa yo. Se sèten, Li te sa. Jis yon bagay oswa yon lòt. Men men kisa l ye: fason ki kòrèk la nan Ekriti a se nan Non Jezikri. Si w vle fason Ekriti a, se egzaktman sa. Sa se fason kòrèk la.

289 Kounye a, si w batize nan non “Pè, Fis, ak Sentespri,” epi w santi ke se kòrèk, amèn. Si se yon bon repons pou Bondye atravè yon konsyans klè pou Bondye, amèn. Avanse pou pi devan, ou wè.

290 Men an otan ke mwen konsène, an otan ke se bò kote pa m, si w ta mande m, ap di m, “Frè Branham, èske m dwe rebatize?” Mwen t ap di, “Wi,” pou kote pa m.

291 Ti madanm lan te vin isi a lòt jou, li te di: “Seyè a te rele m pou m vin yon predikatè.” Mwen pa t kwè sa, pa plis ke mwen te kwè ke—ke l te ka al sote ponpe sou lalin. E manzè . . .

292 Mwen te di, “Ebyen, sa se trè byen, sè.” Mwen te di, “Èske w marye?”

“Wi.”

“Ou gen de timoun?”

“Wi.”

Mwen di: “Kisa . . . ? Èske mari w sove?”

“Non.”

Mwen di: “Kisa w pral fè avè l?”

“Pral kite l lakay.”

293 Mwen di, “Sa se pi bon pyèj dyab la te janm genyen. Ou se yon bèl fanm pou kòmanse, epi w ap pati ale la nan chan an, ou pral yon pyèj regilye epi yon sib pou dyab la. Epi mari w, lakay, yon jèn gason, epi ou kite l ak de timoun sa yo; li pral kòmanse kouri ak lòt fanm, e timoun sa yo pral gen yon lòt papa youn nan jou sa yo.” Mwen di: “Premyèman, si Bondye te rele yon fanm, Li t ap kontredi Pawòl Li.” Mwen di, “Kounye a, si w vle fè sa, se annòd.” Mwen di, “Kounye a, disènan, ou di Seyè a ba w disènan. Èske w vle kite, estrad la pou eseye l?”

294 Manzè di, “Wi.” E w ap wè sa k ap pase.

295 Ou wè, sa rann ou kontan. Sa dwe vin a Pawòl la. Si se pa nan Pawòl la, alò li pa kòrèk. M pa fè ka de sa emosyon w yo ye, se pa kòrèk. Amèn! Sa sonnen byen. Amèn!

296 Dakò:

Nou pral mache nan Limyè a, tèlman yon bèl  
Limyè,  
Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;  
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,  
Jezi, Limyè mond lan.

Nou tout sen Limyè yo pwoklame,  
Jezi, Limyè mond lan;  
Alò klòch Syèl yo va sonnen,  
Jezi, Limyè mond lan.

Nou pral mache nan limyè a, tèlman yon bèl  
limyè,  
Vin kote lawouze yo tonbe . . .  
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,  
Jezi, Limyè . . .

297 Kounye a mwen vle tout moun vire toutotou epi bay lanmen, kat kote yo, ak tout moun kounye a, pandan n ap chante sa a ankò:

Nou pral mache nan Limyè a, bèl Limyè,  
(Amèn!)  
Vin kote lawouze mizèrikòd yo klere;  
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,  
Jezi, Limyè . . .

298 Èske w renmen Methodis yo? Di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Batis la? Presbiteryen an? Katolik la? Li . . . o, èske w renmen yo tout? Di, “Amèn.” [“Amèn.”]

Nou pral mache nan Limyè a, bèl . . .

Bay lanmen, pandan n ap kite.

Oo, vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;  
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,  
Jezi, Limyè . . .


299 Anvan nou chante kantik pou klotire nou an . . . Kounye a, li posib ke m va isi a ankò dimanch. Kounye a, apre sa mwen p ap tounen ankò jouk apre Nwèl. Ou wè, paske m pral Michigan, de Michigan pou Colorado, de Colorado rive nan Idaho, soti Idaho al Kalifòni, epi n ap retounen. Epi li posib (mwen vle w priye pou mwen) mwen pral Waterloo, Iowa, n ap kòmanse vennkat janvyè jouk de fevriye. Ou wè, gwo estad sa la a, mwen jis te resevwa apèl la yon ti moman de sa, e mwen te gen pou m priye depi kounye a jouk dimanch. Ou wè, Waterloo, Iowa, ki pwòch kounye a.

<sup>300</sup> Men kounye a, sonje, koute emisyon frè a a nevé, samdi maten. Nou pral rele l epi fè l konnen. E sa pral sou WLRP, kwatyò Neville la a nevé, samdi maten. Nou pral. . . Si mwen—mwen pa pran yo, Frè Neville ap fini ak kesyon yo. Èske w vle, Frè Neville, pou dimanch maten? [Frè Neville ri epi li di: “Gwo kòmand!”—Éditè a.] Ebyen, gade, si w gen pwoblèm, m ap kouri vin ede w. L ap gade. Dakò.

<sup>301</sup> Dakò:

Pran Non Jezi avèk ou,  
 Timoun nan lapenn ak malè;  
 L ap ba w lajwa ak rekonfò,  
 O, Pran Li tout kote w prale.  
 Non presye, O ala dous!  
 Espwa latè ak jwa Syèl la;  
 Non presye, (Non presye!) O ala dous! (Ala  
 dous!)  
 Espwa latè ak jwa Syèl la.

<sup>302</sup> Kounye a, si w vle konnen yon Batis ki kwè nan rele fò, se nan jan de rele sa mwen kwè. Vye manman sa jis chita la, e Lespri vin sou li. Li te kòmanse ap rele, li pa t ka kenbe l, li te retounen epi te anbrase pitit fi l la. Se fason sa mwen renmen wè l. Amèn. Sa se vrèman bon santiman, a lansyèn mòd, ki sot nan kè. O o, la la, yon vye—yon vye sen, eksperimante, ki te mi, ki prè pou al lakay nan Laglwa. Jis ap tann konvokasyon an, ou wè, jis ap pase yon bon moman.

Dakò, kounye a Frè Neville, kèlkeswa sa l vle fè a. 



57-0925 Kesyon ak Repons Ebre Premye Pati  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souplè:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)